
74.26
К48



З. А. Клепинина

ІАЛАМ ДОВЗАР 3


дийнаташна гуйнашший,
бенбойлашший дlаохка
Хьуьнхахь, па
волчу хен
курсаш ярхьама охьа-
эгна гlаш схьалахьо
дийнаташна юург яла

КОНТРОЛЬНЫЙ ЛИСТОК
СРОКОВ ВОЗВРАТА
КНИГА ДОЛЖНА БЫТЬ
ВОЗВРАЩЕНА НЕ ПОЗЖЕ
УКАЗАННОГО СРОКА

Колич. пред. выдач.
8/Б-1469



ББК 2 я 72 (Чеч.)
К 48

Учебник хьан доттагIа а, гIоьнча а ю.
Иза дуккха а адамаша къахьоьгуш йина.
Дагахь латтаде, цунах пайдаоьцур бу хьан кегийчу накъосташа а.
Ларъе иза!

Зоя Александровна Клепинина

ПРИРОДОВЕДЕНИЕ

Учебник для 3 класса четырехлетней начальной школы

Редактор Т. М. Нашхоева
Младший редактор Р. Х. Плиева
Художники О. И. Руновская, А. М. Рысс, П. А. Жиличкин, Е. В. Виноградова
Фотографии М. В. Глазова, П. Г. Истомина, А. Ф. Клепинина, И. И. Константинова, В. А. Корабельникова, В. И. Торга
Художественный редактор М. Б. Магомаев
Технический редактор С. П. Липатова
Корректор А. А. Виситаева

ИБ № 2097.
Сдано в набор 12.12.1990 г. Подписано к печати 4.04.1991 г. Формат 70x90 1/16
Бумага офсетная. Гарнитура школьная. Печать офсетная.
Усл. печ. л. 8.19+0.37 форз. Уч.-изд. л. 6.25+0.14 форз. Усл. кр.-отт. 34.58.
Тираж 15 000. Заказ № 9876. Цена 1 руб. 60 коп.

Чечено-Ингушское издательско-полиграфическое объединение «Книга» Государственного комитета Чечено-Ингушской АССР по делам издательств, полиграфии и книжной торговли. 364907, г. Грозный, ул. Субботников, 35.

Учебник нохчийн матте яьккхинарш:
Солтаханов Эльбек Хусейнович,
Дикаева Мария Салмановна

Клепинина З. А.
К 48 Природоведение: Учеб. для 3 кл. четырехлет. нач. шк. — Грозный: Чеч.-Инг. издат.-полиграф. объединение «Книга», 1991. — 112 с.


М $\frac{4306020800 - 17}{M135(03) - 91}$ Без объявл.

ББК 2 я 72 (Чеч.)

ISBN 5—09—001360—8
ISBN 5—7666—0400—9

© Перевод. Солтаханов Эльбек Хусейнович, Дикаева Мария Салмановна, 1991.

ДІадолор



Ахь, схьахетарехь, ешна хир ю керлачу учебникан цІе. Иштта цІе йолуш хир ю хьуна керла дешаран предмет а. «Іаламдовзар» — иза «Іалам довза» бохург ду, кхетош аьлча — «Іалам Іамаде». «Іалам» боху дош хьуна девзаш ду. И хІун ю? Хьажал хьайна гонаха. Хьуна го малх, стигал, мархаш, латта, ораматаш, дийнаташ. Иза дерриге а Іалам ду. Іалам ала йиш яц стага куьйгаца йинчу хІуманах.



Малх, стигал, мархаш, тІулгаш, хи, догІа, ло — уьш **садоцу Іалам** ду.

Ораматаш, дийнаташ, адам — уьш **дийна Іалам** ду.



Дагахь латтаделахь, **дийнаташ** аьлча царна юкъадогІу хьуна олхазаршший, акхарой, моьлкъарчий, лаьхьарчий, уьнтІапхьидашший, пхьидашший, чІерий, сагалматашший, нІаьний.

Суьрташка хьовса. Схьадийца, муьлхарнаш ду царах дийначу Іаламний, садоццу Іаламний юкъадогІурш. Даладе хьайн масалш.



Іалам — иза вайна гонахарчух уггаре а тамашена хІума ду. ХІора дийнахь оцу тамашеначу хІуманийн къайленаш гучуяха таро ю хьан. Дуьххьара гучудер ду

хьуна шеран тайп-тайпанчу заманашка хьаьжжина долу Іаламан дахар. ЧІогІа тамашеначу, самукъанечу хІуманашца цхьаьнакхетарш хир ду хьан. Уьш тамашена, самукъане хир ду хьуна, нагахь санна хьо хІуманаш зуьйш, тидам болуш хилахь. ХІума ган Іама веза хьо. Иза кхочушдан хьан таро хир ю, нагахь санна Іаламан хІуманашка хьажа а, цаьрга ладогІа а хууш хьо хилахь. Хьайн тидам тІебахийта хІуманийн хорманашна, басна, барамна, цара дохуш долчу аьзнашна. ТІаккха дика дагалаца хьажа хьайна хІинцца гинарг я хезнарг. Нагахь санна хьайна гинчун, хезначун сурт хьайга ца хІотталахь, юха а оцу хІуманан тидам бе. Мосуьйттазза а карладаккха хьажа, айхьа тидам леррина бина хиларх хьо тешшалц.

Хьуна Іаламат чІогІа гІо дийр ду «Тидамийн дневнико». Цу тІехь хьуна карор ду тидамийн тІедахкаршший, дІаяздан а, сурт дилла а меттигашший. «Тидамийн дневникан» берриге а хьехамашший, тІедахкаршший, магорашший кхочушдан хьажа веза хьо.

Іалам — иза вайн воккха доттагІ ву. Цо вайн дахарна оьшу дуккха а хІума ло. Цундела наха Іалашдо иза, цуьнан хьал совдалийтархьама дукха къа а хьоьгу. Хьо а хила веза Іаламе кхоаме хьожуш, баккхийчарна дийнаташ Іалашдешший, ораматаш кхиошший гІо деш.

Іаламе хьо ваьлча хенахь, тидам бе плакатийн, табличкийн, гайтамийн. Церан хьехамаш буьззина кхочуш а бе. И хьехамаш кхочушбар Іаламан дуьхьа хилла ца Іа. Іаламца йолчу хьан юкъаметтиге хьаьжжина хуур ду, хьо муха стаг ву: къинхетаме я дера, вон, хІуманан бала болуш я бен воцуш.

Іалам довзий, иза Іалашдай хьуна гІо дийр ду учебнико. Цуьнца болх бийр бу ахь урокехь а, иштта тІейогІучу урокана а цунах пайдаоьцуш кечам бийр бу ахь. Юьхьанца текстал хьалха долчу хаттаршций, тІедахкаршций болх бе. Царна жоп дала хьуна гІо дийр ду Іаламан ахь бинчу

тидамаша а, учебникан суьрташа а. ТIаккха дIаеша текст. Ойланца хьайна керла хета материал билгалъяккха. Юха а суьрташка хьажа. Вовшашца дуста царна тIехь гойтургтий, хьайн тидамашкахь гинарггий, айхьа ешначух хиънарггий. Къаьстана тидам тIебахийта, Iаламан хIуманаш муха Iалашъян а, ларъян а езарна. Ойла е, хьоьга хIун далур дара уьш Iалашъярехь. Хьайна хиънначух кхета хьажа.

Жоьпан хьалха-тIаьхьаллин ойла е. Иза хир ю хьуна план. Урокан материал оцу планаца хозуьйтуш схьайийца. Текст чекхъяьлча долчу хаттаршна жоп ло. Оцу балхо хьуна гIо дийр ду жамI дан. Айхьа дина жамI учебникан жамIаца дуста. Иштта толлур ду ахь хьайн хаарш. Iаламан хIуманашца кхочушдеш долу практически гIуллакхаш даггара дан хьажа.

Некъ дика хуьлда хьан, кхоалгIачу классан дешархо!

Айхьа хьо талла.


1. «Iаламдовзар» бохург хIун ду? 2. Муха бан беза Iаламехь тидам? 3. Муха бан беза учебникца болх?

ТIедахкаршший, хаттаррий.

1. «Тидамийн дневникан» 4-чу агIон тIера 1-ра тIедиллар кхочушде. 2. ХIора дийнахь хенан хIоттаман тидам бе. Хьайн тидамаш «Тидамийн дневника» тIе дIаязбе. 3. Тидам бе, гуьйре тIекхачарца шун меттигерчу нехан духар муха хийцаделира. 4. Тидам бе шайна уллорчу хин. Аьхкенца дуьстича, дукха буй цу чохь луьйчурш? Ойлае, иштта хIунда ду иза.

Термометр

Садоцчу Iаламан тидам беш, хьуна хаьа, цкъацкъа йовха хуьлу, цкъацкъа шийла хуьлу. Йовха ю, шийла ю олучу хенахь, тидаме оьцуш дерг хIаваан **температура** ю.



ХIаваан температура юсту **термометрца.** Термометрца юста тарло адаман дегIан а, дийнатийн а, хин а, лаьттан а температура.

Хьажа, муха ю чохь лело термометр. Караел шкала а, шена чохь бос болуш кочалла йолу **ангалин турба** а. Кхечу термометрийн суьртийн тидам бе. Гайта царна тIера шкала а, ангалин турба а. Термометран и дакъош караде. Дагахь латтае церан цIераш а, дIасанисъялар а.

Вовшашца юста тайп-тайпана термометраш. ХIун ду царна юккъехь цхьатерра дерг? Царах хIораннах а мичахь пайдаоьцу?

ДIа а еший, дагахь латтае термометрийн цIераш. Дийца, хIунда ю церан цIераш иштта.


Шкала тIехь хьуна го сизаш. ХIора сизо билгалйо цхьа градус. Сизашна уллорчу терахьаша гойту градусан барам. Ноль — иза йовхой, шелой гойтучу градусан юккъера доза ду. Температура лара йолайо 0 градуса тIера. 0° тIера лакха йовхонан градусаш ю, лаха — шелонан градусаш. Бос болу кочалла йолчу бIогIамалган чаккхено гойту градусийн терахь.

Температура дIаязйо билламан хьаьркийн гIоьнца. Масала, пхи градус йовхо иштта дIаязйо: +5°, ткъа пхи градус шело иштта: —5°.

Термометрах пайдаэцаран бакъонаш.

1. Температура къасточу хенахь тидам бечун бIаьргашший, термометран турби чуьра кочаллин бIогIамалгий цхьана экъанна тIехь хила деза.






2. Ураман термометр малхо йовхо кIезиг луш долчу коран арахьара агIонна тIекъовлу.

3. Хинан температура юсту, термометр хи чуьра хьала а ца йоккхуш.

Зераш кхочушде:



1. Шийлачу хи чу Iотта термометр. Тидам бе, хIун хуьлу термометран турби чуьрачу кочаллина.

2. Изза термометр довхачу хи чу Iотта. Турби чуьрачу кочалле кхидIа а хьажа. ХIун хуьлу цунна?

И зераш дар бахьна долуш, хьо кхин цкъа а тийши: хи довха мел хиларх, турби чуьра бIогIамалг лакхаболу, ткъа хи шийла мел хуьлу, бIогIамалгара кочалла лахайолу.

Шардарш.

1. Лакхарчу суьрташка хьажа. Къастаде, хIун гойту термометран шкалан сизаш нолал лакхахьа хилча, нолал лахахьа хилча. Термометраша муьлха температура гойту? Муьлхачу термометро гойту лакхара температура?

2. Классан уьн тIе терахьашца дIаязде: кхо градус йовхо, ялх градус шело, 0° лакхо ялх градус, 0° лахо бархI градус.


И температураш гайта термометран бустамашкахь.

3. Дешнашца дIаеша: +18°, —9°, +5°, +11°, —3°.

4. Муьлха температура хилча хуьлу йовха: —6°, 0°, +3°? Муьлха температура хилча хуьлу шийло: 0°, +5°, +6°?

Айхьа хьо талла.

1. Стенна оьшу термометр? 2. Схьадийца термометран дакъош. 3. Схьайийца термометрах пайдаэцаран бакъонаш.



Термометр — иза хIаваан, хин, адаман дегIан температура къастош йолу прибор ю.

Температура къастайо шкалаций, термометран турби чуьрачу бос болчу кочаллийций. Термометрах пайдаэцаран бакъонаш ларъян еза.

ТIедахкарш.

1. ХIаваан температура дIаязъе термометро магайттара «Тидамийн дневника» тIе а, классан юкъара Iаламан, къинхьегаман календара тIе а. 2. Термометран бустамашкахь гайта: +6°, —11°, +15°, —4°; нолан лакхара ворхI градус, нолал лахара кхо градус, ноль градус, шийтта градус шело, берхIитта градус йовхо. 3. Нехан гуьйренан къинхьегаман тидамаш бе. Ойла е, баккхийчарна ахь хIун гIо дийр дара. ГIо, колхозехь я совхозехь дина ца Iаш, дешаран-зеран а, кертахь а, дачера декъехь а дан тарло.

ХІара тамашена ду.

Стаг нисвала тарло тайп-тайпана температура йолчу меттиге. Сибирехь ю Іай —70° шелоне кхочуш йолу меттигаш. Цигара температура юста мегар дарий вай пайдаоьцучу термометраца, нагахь санна цо уггаре а лахарчу температуран терахь 50 гойтуш хилча? Мегар дацара дера-кх. Цигахь пайдаоьцу яхйина шкала йолчу термометрах.


Дера, хьуна евзаш йолчу термометрашца юсталур ма яц 200° шело а, 500° йовхо а. Цхьайолчу промышленни предприятешкахь и санна температураш билгал ца яьхча ца йовлу. Цигахь пайдаоьцу лерринчу электрически термометрах. Цо Іаламат дика а, нийса а гойту температура. Иштта, цо гойтуш йолу температура ша дІа а язъеш, гІуллакх дан а тарло, цунах даьцна генна дІа хаам бан а тарло.

Ораматийн дакъош

1. Муьлха ораматаш евза хьуна? Мичахь бина ахь церан тидам? Дагахь латтаде, ораматаш — уьш дитташ а ду, **коьллаш** а ю, **бецаш** а ю.

2. 10-чу агІон тІерачу суьрте хьажа. ДІаеша ораматийн дакъойн цІераш. Караде и дакъош дийначу а гулйина якъийнчу а ораматашкахь.

3. Диттийн а, вай хІинца хьаьвсинчу ораматийн санна, къастабо орам, гІодам, гІаш, зазаш, цуьнан хІу. Дукхахьолахь диттан гІодам стоммий, шеца дуккха а гаьннаш долушший хуьлу. Иза бакъ хиларх теша тарло, хьо Іаламехь диттийн тидам беш лелачу хенахь. И башхалла йолуш цуьнан цІе диттан гІад олий йоккху, ткъа маьІ-маьІне дІасаоьхучех гаьннаш олу. Лаха а лахий, гайта учебникан тІерачу суьрта тІехь диттийн дакъош.



4. Лаха а лахий, гайта цІа чуьрачу ораматийн дакъош.

5. Хьажал денделлачу ораматашка. Зезаг хуьлучу меттехь хІун кхоллало? Лаха ораматашкахь стом а, цунна юккъехь хІуш а. Стом кхечу ораматан декъех къаьста царна чохь гуттара а хІуш хиларца. Хьажа бекъначу ораме а, гІоде а, гІашка а. Дуй царна юккъехь хІуш?

6. Суьрташкарчу тайп-тайпанчу стоьмашка хьажа. Буста уьш бакъленна а хедийнчу шайна хьалха Іоккучу стоьмашца. ХІун лара мегар ду оцу стоьмийн юкъара?

7. Стага ораматаш кхиош цуьнан цхьадолчу декъех пайдаоьцу. Кхоьийн, хорбазийн, наьрсийн, туьркийн, хьечийн муьлха дакъа ду наха пайдаоьцуш дерг? ЦІе яккха, муьлха ораматаш девза хьуна адамаша беккъа цІена стоьмах пайдаоьцуш долу. Муьлхачеран — хІуш?



8. 12-чу агIон тIерачу суьрте хьажа. Оцу ораматийн муьлхачу декъах пайдаоьцу адамо?


9. Ораматийн дуккха а мостагIий бу. Царах цхьацца йолчара шаьш-шайн Iалашйо. Масала, хьармакийн, розийн, элхьамчийн, кIудалгийн гIодмашкахь кIохцалш хуьлу. Ткъа вирбаьIан гIаш а кIохцалшца чекхдолу. Нит-тийн гIодмаш а, гIаш а ираллашца дуьзна ду. Милла а ца ваьхьа куьйгашца уьш схьабаха.

10. 13-чу агIон тIерачу суьрташка хьажа. Царна тIехь билгалдаьхна ду **декоративни (хазден)** бецан ораматаш. Муьлхачу Iалашонца кхиадо стага и ораматаш? Иштта хIунда моьтту хьуна? ЦIераш яха, кхин муьлха ораматаш девза хьуна? Лаха хьайн стоьла тIехь хаза зазаш долу ораматаш. Царна юккъехь дуй техьа суьрташкахь гайти-нарш?

Айхьа хьо талла.

1. Муьлха дакъош ду ораматийн? 2. Муха къасталур бара стом ораматийн кхечу декъех? 3. Стенна кхиадо декоративни (хазден) ораматаш?







Ораматийн дакъош: орам, гІад, гІа, зезаг, хІушца болу стом.

ТІедахкарш.

1. «Тидамийн дневника» тІера кхочушде 16-чу агІон тІера 17-гІа тІедиллар, 17-чу агІон тІера 24-гІа тІедиллар. 2. Школьни декъан тІерачу зезагийн бешара стом болу орамат караде. БІаьста дІадерхьама лехьаде церан хІуш. 3. Экскурсина кечам бе: тидам бан оьшуш долу тІедахкарш дІадеша. АгІонашна тІерачу суьрташка хьажа. Цу тІехь гайтинарш шадерриш а хьуна Іаламехь ган тарло. Карлаяха Іаламехь леларан бакъонаш (хьажа: хьалхарчу а, тІехьарчу а книгин мужалте), уьш леррина кхочуш а е.


ХІара-м тамашена ду.

Эвкалиптан гІад цхьана аьхка 2 м кхиа тарло. Цунах лаьцна дуккханна а хаьа. Вайна уллохь кхуьуш долчу вешан чемпионах лаьцна дерг массарна а ца хаьа. Цуьнан кхиаран сихалла эвкалиптал оьшуш яц. Цхьана аьхка цуьнан доккха доцачу гах кхиа тарло шиъ я кхоъ метр йолу дитт. Иза **акхтарг** ду.

Георгинаш



АлцІензІамаш



Кхобосболу тобалкх



Гуьйренан экскурси


Экскурсехь хаа хьажа.

1. Муха бу тахана хенан хIоттам? Муха ю стигал? Муха хьоьжу малх? Аьхка хиллачул тахана йовха ю я шийла ю?

2. Хьуьне (парке, сквере) геннара хьажал. Муха хийцаелла иза аьхкенца юьстича?

3. Экскурси хила езачу меттиге дIакхаьчча, схьалаха **дитташ, коьллаш, бецаш.** Хьажа, хIун башхалла ю царна юккъехь. Тидаме эца диттийн цхаъ ондда гIодам — гIад бен цахилар. Коьллийн цхьаъ хилла а ца Iаш, масех онда гIодмаш хуьлу. Бецан ораматийн гIодмаш кIеда, муттане, баьццара хуьлу. Церан цхьаъ я масех гIад лаьттара дIай-схьай даха тарло. Iа тIекхочуш бецан гIодмаш маргIала дала а, дакъадала а долало. Диттийн а, коьллийн а гIодмашна иза ца хуьлу.

4. Дуста докхан, базанан, бIаьлланган, жIоламан гIаш. Уьш вовшех муха къаьста? Базаннин, жIоламмин гIах кIохцалгийн гIаш олу. Дакх, наж, къахк, бIаьллинг — уьш **гIаш долу** ораматаш ду. База, зез, жIолам — уьш **кIохцалгийн** ораматаш ду. Кара а дай, гайта кIохцалгаш







долу дитташ а, коьллаш а. Муьлхачу билгалонашца девзира хьуна уьш. Кара а дай, гайта гІаш долу дитташ а, коьллаш а. Муьлхачу билгалонашца девзира хьуна уьш?

5. Муха хийцабелла дитташ тІера а, коьллаш тІера а гІан бос? Уьш охьаэга дуьйладеллий? Аьхкенца дуьстича, хийцадалаза гІаш долу дитташший, коьллашший карае.

6. Муха хийцаделла бецан ораматаш?



7. Тидам бе, Іаламехь хІинца цхьана а орамато заза даькккхиний. Аьхка санна, дукха дуй уьш? Хьажа зезагийн беше. Цигахь гурахь а ган тарло дуккха а къегина заза доккхуш долу ораматаш.

8. Аьхкенца дуьстича, хІун хийцамаш хилла олхазарийн амалшкахь. Тидам бе шаьш дІадахале дуккха а олхазарш жатташка цхьаьнакхеташ хиларан. Оцу хенахь уьш дукхахьолахь ган тарло аренашкаххьий, байш тІеххьий. Хьажа, цара цигахь хІун леладо.

9. Тидам бе, аьхка санна, дукха юй-техьа хІинца сагалматаш. Мичахь ю уьш дукха: малхо йохйинчу меттехь я Іинда-гІехь?





10. Гуйренан муьлха зама лара мегар ду хIара? Муьлхачу хенан хIоттамо а, ораматаша а дагайоуьйту аьхке, гуьйре юлуш? ХIун башхалла ю царна юккъехь?

ТIедахкаршший, хаттаррий.

1. Экскурси йинчул тIаьхьа, юха а хьажа урокана кечдинчу суьрташка. Дуста дитташший, коьллашший, бецашший. Дагахь латтаде уьш вовшех стенца къаьста. Экскурсехь хьан хилла тидамаш дIаязбе «Тидамийн дневникан» 11 агIонна тIе. 2. Хьайн тидамийн дIаяздаршка хьажа «Тидамийн дневникан» 6—8-чуй агIонаш тIерачу 2—3-чуй тIедахкаршца. Хьо вехачу меттан Iаламехь хIинца хIун хийцамаш хилла? 3. Сентябрехь айхьа бинчу тидамийн жамI де. Дагарде, маса дара къегина, кхоьлина, хийцалуш мархаш хилла денош, йочанаш йолуш а, йоцуш а хилла денош, 0° лакхара а, лахара а температура хилла денош, мох хилла денош. Муха хийцаделира сентябрехь дийна Iалам?





Гуьйре тIекхаьчна

1. 18-чу агIонна тIерачу суьрташка хьажа. Шеран муьлха зама ю царна тIехь гойтург? Иза иштта хIунда хета хьуна? ХIун ала тарлора ахь аьхкенан а, гуьйренан а стигалх лаьцна? Дуста суьрташкаххьий, хьайн тидамашкаххьий стигалан бос хийцабалар. Дуста, хIун бедар тIеюьйхина хуьлу бераш аьхкий, гураххьий. Гурахь муха хийцаелира хьо вехаш волчу меттигерчу нехан бедарш? ХIунда?


2. Хьуна хьайн тидамашца хууш ду гурахь сих-сиха догIанаш оьхуш хилар. ДогIанаш-м аьхка а оьху. Дагадайита, хIун башхалла ю аьхкенан а, гуьйренан а догIанна юккъехь. 19-чу агIонна тIерачу суьрташа хIун гойту? Муха гайтина аьрру агIорчу суьрта тIехь догIа, муха — аьтту агIорчунна тIехь? Дийца башхаллих лаций. Хьайн тидамашца дуста.

3. Аьхка кест-кеста оьху догIанаш. Ахь-айхьа а, схьахетарехь, тидам бина хир бу догIанан. Дийца, Iаламехь муха хуьлу догIа доладалале хьалха а, догIа догIучу хенахь а, цIеххьана догIа сецча а.

4. Гурахь садоцчу Iаламехь хуьлуш болчу хийцамийн тидам беш, вайна хиира коьрта хийцам — иза шелъялар хилар. ХIун Iаткъам бина шелъяларо хина, лаьттан чкъурана, йочанашна?









Аьхка йовха яра. Оцу муьрехь дика дохделира лаьттан чкъор, хиш. ДогIанаш сихха оьхий довлура, сих-сиха къовса а къовсура. Дукха хуьлу маьлхан сирла денош.

Гурахь садоццчу Iаламехь дуккха а хийцамаш хуьлу. Гуьйренан хьалхарчу деношкахь маьлхан денош довха хуьлу. Хан дIа мел йолу шелъяла йолало. Шелъяларца дозаделла хийцало йочанаш а. Гуьйре йолалуш нилха, сихха чекхдолуш догIанаш оьху. Амма кест-кеста стигал боданечу мархаша къайлайоккху, и санначу деношкахь стигал лахъелла, мокха хетало. Серса кегийра шийла дерз. Цхьадолчу деношкахь догIанца цхьаьна ло а догIу. Гуьйре чекхйолуш догIанаш дар лахло, сих-сиха тIуьна ло догIу. Хиш а шелдала дуьйлало. Гуьйре йолалуш царна тIехула кест-кеста дохк гучуйолу. Гуьйре чекхйолуш Iаьмнаш тIехула цхьайолчу меттигашкахь ша гучубала а болало. И ша Iаламат буткъа а, атта каглуш а хуьлу, цундела кхераме ду цунна тIевала.

Сих-сиха оьхучу догIанаша тIундина латта, ткъа гуьйре чекхйолуш-м иза гIоро а долало.

Айхьа хьо талла.

1. Муха хуьлу аьхка хенан хIоттам? 2. Муьлха бIаьрла хийцам хуьлу садоццчу Iаламехь гурахь? 3. Стенца дозаделла ду хинан а, лаьттан чкъуран а температура хийцаялар?

2 Заказ № 9876

ОТДЕЛ ОБСЛУЖИВАНИЯ
ЦГБ г.ГРОЗНОГО
364051 г.Грозный, пр. Победы 22



Садоцчу Іаламехь коьрта хийцам — иза шелъялар ду. Стигал кест-кеста мархаша дІакъевлина хуьлу. Серса кегийра шийла дерз. Массанхьара а хиш шелдала долало. Іаьмнашкахь сих-сиха дохк хІутту. ТІуьна а, шийла а хуьлу лаьттан чкъор.

ТІедахкарш.

1. КхидІа а дІахьо хенан хІоттаман а, лаьттан чкъуран а, Іаьмнийн а тидамбар. 2. «Тидамийн дневникан» 12—18-чуй агІонаш тІера 10—24 тІедахкаршца дозаделла ораматийн айхьа бинчу тидамийн дІаяздаршка хьажа. Урокехь царах лаьцна жоп дала кечам бе. 16-чу агІон тІерачу 20-гІа тІедилларца бинчу тидамех кхетаде. 3. «Тидамийн дневникан» 18-чу агІон тІерачу 25-гІа тІедиллар кхочушдан волало. 4. Адамийн гуьйренан тидамбар кхидІа а дІахьо.

Ишттанниг а хуьлу.

Аьхкенан довха де ду. Дийна мел йолу хІума йовхонах дІалечкъина. Хала ду садаІа. ЦІеххьана, дагахь а доцуш, Іаьржачу мархаша къайлайоккху стигал.

ХІинц-хІинца догІа охьаІенар ду моттало. Ткъа хІара хІун ду? Лаьтта охьаэга буьйлало тайп-тайпана хорманашший, барамашший болу кегийра шаш. Иза къора ю. Цкъацкъа къорано дер-





риге а латта гучуьра доккху, ткъа цхьадолчу къоранан буьртигаш котаман хIоьънел хуьлу. Ишттачу къорано доккха зен дан тарло: хIаллакдан тарло дIадийна ялта а, дIайийгIина ораматаш а; корийн бIаьргаш дохадан а, аттал тхевнаш дохо а.

Ораматаш аьхка а, гурахь а

1. ГIаш долчу ораматийн гаьннашка хьажа. Уьш вовшех тера хиларан хIун билгало ю?

2. Баганан ораматийн гаьннашка хьажа. Церан гIанан хIун цIе йоккху?

3. Дуста аьхкенан а, гуьйренан а гаьннаш цкъа хьалха гIаш долчу ораматичаьрца, тIаккха баганан ораматичаьрца, цул тIаьхьа коьллийнчаьрца. ХIун Iаткъам бира гуьйренан шелоно гIаш долчу ораматашна? Оццу муьрехь хийцаделирий баганан ораматаш?

4. Дагабахкийта ораматаш тIехь бина хьайн тидамаш. Дийца, аьхка муха дара шу дехачохь долу дитташ, коьллаш, бецаш. Гуьйре тIекхачарца уьш муха хийцаделира? Дуста иза хьайна суьрташ тIехь гинчуьнца. ДIаеша текст. Текстехь ораматех лаьцна яздинарг а, хьан-хьайн тидамаш а вовшашца буста.

5. ХIун хуьлу гурахь мажделлачу гIах? Дагадаийта, муха охьаоьгу гIаш дитташ тIера тийна а, мох болчу а хенахь. Кхетаде, иза иштта хIунда хуьлу. Дийца ораматийн гIа дожарх хьайн хиллачу тидамех лаций.

Аьхка техка лилула-сийна бос эцна дитташший, коьллашший. Къарзбелла бай. Гуьйре тIекхачарца дерриге а хийцало. Ораматаш тIерачу гIаша шайн бос хуьйцу. Докхан а, хьехан а гIаш дашо-можа басе доьрзу, доттан гIаш — цIехо-борачу басе, ножан гIаш — борзанан басе, моханнийн, къохканнийн гIаш — можий, цIехо-можий басе, аронан (Iаьржа стом болчу доттан) — цIечу басе. Тайп-тайпанчу хенашкахь нисло дитташна а, коьллашна а тIера-





чу гІаша бос хийцар. Кхечарел хьалха бос хуьйцу докхо. Докхо санна, цхьана хеннахь бос хуьйцу даттой, хьехой. ТІаккха бос хуьйцу махо, цул тІаьхьа — акхтарго. Къеначу диттийн гІаша бос хуьйцу къоначу диттийчарал хьалха. Амма тайп-тайпанчу шерашкахь а, тайп-тайпанчу меттигашкахь а и рогІалла чІогІа хийцаяла тарло.

ГІаша бос хийцарна тІаьххье долало гІа дожар а. Тайп-тайпанчу ораматийн гІа дожар тайп-тайпана хуьлу. Кхечарел хьалха гІа дужу хьеханний къеначу акхтарганний. Къоначу акхтарганна тІера гІаш охьа ца оьгуш дикка латта тарло. ТІаккха охьаоьгу даттанний, къохканнийн гІаш. Докхан гІаш охьа ца оьгуш кхечарел сов лаьтта. Шело тІекхаччалц, сийна а долуш, лаьтта сиренан гІаш. Цхьадолчу ножан борзанан бос болу гІаш гурахь а охьа ца оьгу. Цара деххачу Іаьнна хаздина латтор ду уьш.

Самукъане ду гІаш охьаоьгучу диттийн тидамбар. Цхьадерш гаьннаш тІера хецалой, тІулгаш санна, охьаоьгу. Важадерш, техка а техкаш, пергІата охьаоьгу. КхоалгІанаш, дитташ тІехь дуккха а диса лууш санна, цкъа цхьана генах тасало, тІаккха кхечу генах тасало.

6. Аьхкий, гураххьий хьуьнхахь гучудовлу жІаьлийн нускалш. 23-чу агІон тІерачу суьрташка хьажа. Суьрташ тІехь дерш муьлха жІаьлийн нускалш ду? Муьлха жІаьлийн нускалш ахь-айхьа гулдина? Муьлхачу дитташна а,





коьллашна а кIелахь карадора хьуна уьш? ЦIераш яхал дуучу а, даа ца мегачу а жIаьлийн нускалийн?

ЖIаьлийн нускалш сихха кхиа дуьйлало аьхкенан шолгIачу эхангахь дуьйна, хIунда аьлча оцу муьрехь лаьттан чкъор дикка доxделла а хуьлу, лаьттан тоьъург тIуналла а хуьлу. ЖIаьлийн нускалш каро тарло гуьйре чекхйолуш а. Тидаме даьлла, жIаьлийн нускалш билггалчу диттийн уллохь кхиар: кIайнаш — докханний, базанний, ножанний уллохь; подосиновикаш кхиа тарло моханний, зезанний уллохь; хьаьрсанаш — базанний, зезанний кIелахь; масляташ — зезанний, гIа долчу ораматийний кIелахь, подберезовикаш — докханна кIелахь. Уьш шадерраш а дуу жIаьлийн нускалш ду. Уьш берамала духку, кхорзу, дакъадо, хи чу духку.

ЖIаьлийн нускалшна юккъехь ду даа ца мегарш а. Цкъацкъа уьш дуучарах тера хуьлу. Масала, кIайчу жIаьлийн нускалх тера ду стиман жIаьлийн нускал. ЖIаьлийн нускалш лахьорхоша цуьнан цIе йоккху харц кIайн жIаьлийн нускал олий. Иза, стим санна, къаьхьа ду, даа а мегар дац иза. Бакъдолчу кIайчу жIаьлийн нускалх иза къаьста цуьнан коьртан лахара дакъа сирла-цIен хиларца. Цхьадолчу даа ца мегачу жIаьлийн нускалшна юккъехь ду дIаьвшенаш а. Нагахь санна уьш юучу хIуманца нислахь, стагана дIовш дала тарло. ЖIаьлийн нускалех даьллачу дIаьвшо стаг вен а тарло. Уггаре а дIаьвше жIаь-

ДУУ ЖІАЬЛИЙН НУСКАЛШ



КІайн жІаъ.лийн нускал



Подосиновик



Опяташ



Подберезовик



Лисичкаш



Буьйдалгаш

ДАА ЦА МЕГА ЖІАЬЛИЙН НУСКАЛШ



Кхоьлина поганка



Харц опяташ



Мухомор

лийн нускал — **иза кхоьлина поганка** ду. Кхоьлина поганка диина стаг лечуьра хьалхаваккха хала ду. Адамана кхераме дІовш хила тарло ширачу а, нІаьна бинчу а жІаьлийн нускалшкахь.

ЖІаьлийн нускалш гулдеш, дагахь латтаде:

ЖІаьлийн нускал уьрсаца хададе я ларде, хьовза а деш, лаьттара схьадаккха иза. Кхоллабеллачу кІаг чу

гІаш я кІохцалгаш таса. Хьайна карийначу жІаьлийн нускална гонахара латта дІаса ма кхийса.


Хьайна ца девза жІаьлийн нускалш ма даха, царна юккъехь хила тарло дІаьвшенаш а. Лехьа ма де шира а, нІаьна кхетта а жІаьлийн нускалш: цаьрца а хила тарло дІовш.

Цкъа а эрна ма даха жІаьлийн нускалш: жІаьлийн нускалш дуккхаъчу а дийнатийн кхача бу, ткъа адамашна дІаьвше долу цхьадолу жІаьлийн нускалш царна дарбане ду. Масала, цІен мухомор сешна дарба хуьлий лаьтта.

Айхьа хьо талла.

1. Муха дара тайп-тайпана ораматаш аьхка? Уьш муха хийцаделира гуьйре тІекхачарца? Маца хуьлу Іаламехь жІаьлийн нускалш дукха?

Аьхка массо а ораматийн гІаш сийна хуьлу, дуккхаъчу ораматаша заза доккху. Гурахь диттийн а, коьллийн а гІаша бос хуьйцу, уьш охьаоьгу. КІохцалгийн диттийн гІаша бос ца хуьйцу. Бецан ораматийн гІаша а бос хуьйцу, тІаккха хан яларца уьш дакъало. Заза доккхуш долу ораматаш Іаламат кІезиг ду. Аьхкий, гурахьий хьуьнхахь гучудовлу жІаьлийн нускалш.



ТІедахкаршший, хаттаршший.

1. «Тидамийн дневникан» 12-чу агІон тІерачу 10-гІа тІедилларца гІан бос хийцабаларца дозаделла тидамбар кхидІа а дІахьо. Дуста гІан бос хийцабаларан хьалха-тІаьхьалла хьан тидамашций, учеб-

ника тIехь цунах лаьцна яздинчуьнций. 2. Сагалматашкий, олхазаршкий хьайн хиллачу тидамийн дIаяздаршка хьажа. Гурахь оцу дийнатийн дахарехь хилла хIун тамашена хийцам гучубелира хьуна? Оцу дийнатийн тидамбар кхидIа а дIахьо. Гуьйре йолалуш хилча санна, дукха дуй уьш хIинца? Муьлха олхазаршший, сагалматашший хIинца данне а гуш дац? 3. Олхазаршна юург лахьор кхидIа а дIахьо.

Тидамбарца талла.

КIохцалгийн дитташна юккъехь ду тамашена дитт — бага. Цхьанхьа а кхечу мехкашкахь яц, вайн махкахь санна, баганан хьаннаш. Цуьнан гIаш, базанний, зезанний санна, кIохцалгийн ду. Куьг хьакха царна тIе, ма кхера! Уьш хIумма а кIохцал долуш дац хьуна — уьш кIеда, ховха ду хьуна. Гурахь диттан гIаш мажло, дерриге а дашо долуш санна дIахIутту иза. Дуьххьара гIоро гучуйолуш охьаоьгу кIохцалгаш. Бага Iаламат хаза, куц долуш дитт ду! Эрна ма ца дугIу уьш дуккха а гIаланийн паркашкий, скверашкий.

Сагалматашший, олхазаршший аьхка а, гурахь а

1. 27-чу агIон тIерачу лакхарчу шина суьрте хьажа. Цхьанна тIехь аьхке ю, вукхунна тIехь — гуьйре. Маца хуьлу сагалматаш дукха: аьхка я гурахь?

2. ХIинца хьажа лахарчу шина суьрте. Цхьайолу сагалматаш Iай дIаловчкъу диттийн чкъурана кIел, лилхинчу чкъурана юккъе, охьаэгначу гIашна кIел.

3. Сагалматашца хьайн хилла тидам учебника тIехь хьайна хиъначуьнца буста. ХIунда лахло сагалматаш хан яларца гуьйренан заманахь?

4. 28-чу агIон тIерачу суьрташка хьажа. Муьлха олхазарш ду царна тIехь гойтурш? Уьш мичахь деха? Цара хIун юу? Муха хийцаделла гуьйре тIекхачарца олхазарийн дахар?

5. Аьхка а, гурахь а олхазарийн леларехь айхьа бинчу тидамех лаций дийца. Муха кечам бо олхазарша дIа-

даха? Гиний хьуна дІадоьлху олхазарш? Уьш муха дІаоьхура?

6. ХІинца дагалаца, олхазарийн юургаца хІун хуьлу: сагалматех, ораматех, церан стоьмеххий, хІуххий. Ойлае, хІунда дІадоьлху гурахь вай долчуьра олхазарш.

Аьхка массанхьа а ду дуккха а олхазарш. Июнехь олхазарийн кІорнеш гучуйовлу, царна Іаламат дукха яахІума оьшу. Амма олхазарш дукхахьолахь меца ца хуьлу. Аьхка царна шортта яахІума ю: чхьаьвригаш, полларчий, пхьажбуургаш, чуьркаш, кхийолу сагалматаш, тайп-тайпана стоьмашший, ораматийн хІушший.

Цхьайолчу сагалматашна юург хуьлу ораматийн цхьадолу дакъош, и бахьана долуш ялта лахло. И санна йолу сагалматаш хІаллакьеш, олхазарша ораматаш Іалашдо. Іилманчаша леррина тидамаш бина, олхазарша мел хІума юу хьожуш. Гучудаьлла цхьана дийнахь доккхачу цІирцІирхьозаной, алкханчой юуш йолчу сагалматийн барам оцу олхазаран дозаллал шозза сов хилар. ХІуттуто цхьа-













на сохьтехь юу 100 гергга нІаьвцициг, уьш а ю кхечу олхазарша цаюурш. Цундела хІора Іалашдина олхазар — иза кІелхьарадаькккхина иттех орамат ду. Цул совнаха, олхазарш — уьш Іаламан хазалла а ю.

Олхазаршца къинхетаме хила веза. Уьш дайа а, церан бенаш дохо а, могуш кІорнеш цІа дан а мегар дац. Дагахь латтаде: нана йоцуш дисина кІорнеш лийр дац, олхазаршна уьш кара а до, цара уьш кхиъалц кхаба а кхобу.

Амма дерриге а сагалматаш зене дац. Царна юккъехь дуккха а ду вайн доттагІий. Зингаташший, дедошший хьуна, схьахетарехь, девза хир ду. Цхьана туьйлагарчу зингаташа дийнахь юу цІирцІирхьозано 2 баттахь, хенакІуьро 20 дийнахь юуъучул сагалматаш. Тамашена хІума ду-кх цара зене доццчу сагалматашна хІумма а деш цахилар. Цхьана дийнахь дедоно юу 270 кегийра зене сагалматаш. Суьрта тІерачу чхьаьвраге, йилбазговре хьажа. Дагахь латтае уьш. Йилбазговро 2 сохьтехь буу 40 моза. Чхьаьвригийн хІонс — нІаьвцицигаш а, слизнеш а ю, златоглазкин хІонс — кегийра зене сагалматаш, олхазарш санна, Іаламан хазалла ю. Дийца, хІунда мегар дац сагалматаш схьалеца а, яйа а.

ТІекхочу гуьйре. Олхазаршна юург хан мел йолу лах-

ло. Цкъа хьалха дІайовлу сагалматаш, маргІалдала долало ораматаш, лахло стоьмашший, хІушший. Дуккха а олхазарш жатташка гулло, цул тІаьхьа бовхачу махка дІаоьху. Цкъа хьалха дІадоьлху сагалматаш юрш, тІаккха стоьмашший, ораматийн хІушший дуурш. Массарал а тІаьхьа дІайоьлху бедашший, гІезашший. Уьш вай долчохь Іа Іаьмнашший, хишший шелдала доладаллалц. И дерриге а олхазарш дІадоьлху олхазарш ду. Цхьадолу дІадоьлху олхазарш хьуна гур ду 30-чу агІон тІерачу суьрта тІехь. Хьажа цаьрга. ДІаеша цІераш. Муьлхарнаш гина хьуна царах Іаламехь? Кхин муьлха дІадоьлху олхазарш девза хьуна?

ДІадоьлхачу олхазарех новкъахь дуккха а хІаллакьхуьлу. Некъан бохалла лало дика хІума йиинчу ницкъболчаьрга, чІогІачаьрга. Цундела новкъарло ма е шайна яахІума лоьхучу олхазаршна, кхера а, чеха а ма де уьш.

Цхьадолу олхазарш вай долчуьра дІа ца доьлху. Тамашена ду-кх, царах цхьадолчара Іаьнна шайна яахІума кечйо. Масала, цхьадолчу цІирцІирхьозаша, поползнеша дІалечкъайо сагалматашший, ораматийн стоьмашший, хІушший лилхинчу чкъоьрнашна юккъе, диттийн дІайсхьай даханчу гаьннашна юккъе. Гурахь олхазарш сих сиха нах бехачу оьху, цигахь царна яахІума каро атта ду.



Айхьа хьо талла.

1. Муьлхачарах олу дІадоьлху олхазарш? 2. Аьхка хІунда доху олхазарша кІорнеш? 3. Гурахь хІунда оьху дІадоьлху олхазарш бовхачу мехкашка?

ТIедахкарш.

1. КхидIа а дIахьо олхазарийн тидамбар. ДIаязде, мичахь, маца гира хьуна дIадоьлху олхазарш. 2. «Тидамийн дневникан» 21-чу агIон тIера 32-гIа тIедиллар кхочушде. 3. Дагалаца, хIун ешнера ахь я хезнера хьуна хьуьнан акхаройх лаьцна. Нагахь санна ахь церан тидам бинехь, царах лаций классехь дийца кечло.



ДIАДОЬЛХУ ОЛХАЗАРШ



Аьхка олхазаршна тоьъург яахIума ю. Цара яха а йоху, кхиа а йо кIорнеш. Гурахь юучу хIуманан барам сихха лахло, цундела дуккха а олхазарш бовхачу мехкашка дIаоьху. Оцу олхазарех дIадоьлху олхазарш олу. Олхазаршший, цхьайолчу сагалматашший ораматийн мостагIий хIаллакбарца боккха пайда бохьу.



Тамашениг? ХIан-хIа, гуттарлераниг.

Олхазарш Iаьнна бовхачу мехкашка дIадоьлху аьлча, цхьа а цецвер вац. ХIета, Iаьнна бовхачу мехкашка дуккха а сагалматаш дIайоьлху аьлча, тамашена долуш санна хетало. И саннарг а Iаламехь хаало. ДIаоьхучарна юккъехь хилла-кх дедошший, йилбазговрашший.

Къаьсттина Iа даккха сих-сиха дIаоьху полларчий. Царна юккъехь ду массарна а девзаш долу полларчийн тайпанаш. Амма, дIадоьлху олхазарш санна, дерриге а полларчийн тайпанаш дIа ца доьлху. Церан цхьа дакъа вай долчохь Iа доккхуш совцу.

Акхарой аьхка а, гурахь а

1. Сагалматашший, олхазаршший доцурш кхин хIун дийнаташ девза хьуна? 33-чу агIон тIерачу суьрташка хьажа. Муьлха дийнаташ ду цу тIехь дерш? Оцу дийнатийн дахарехь, олхазарийн а, сагалматийн а дахарехь санна, хийцамаш хуьлу. ХIун хийцамаш бу техьа уьш?

2. Цхьадолчу дийнаташа Iаьнна юург дIаюьллу. ХIун юург дIаюьллу тарсало? Хьуна хиира ораматийн дахарехь аьхка а, гурахь а хуьлуш болу хийцамаш. Ойлае, хIунда юьллу тарсало аьхке чекхйолуш, гурахь тIаьхьалонна юург дIа.

3. Пхьагало буц, диттийн чкъор, къоначу ораматийн а,

коьллийн а гаьннаш дуу. Іаьнна цо тІаьхьалонна юург дІа ца юьллу.

Ойлае хІунда.

4. Нагахь санна хьан муьлххачу а цхьана дийнатан (олхазарш а доцуш) тидамбан таро хиллехь, дийца класс-серачаьрга хьайн тидамах лаций.



Тарсал



Бобр



ДаІам



Песец



Ча



Пхьагал

Іаламехь аьхка массо а дийнатана оьшшучу барамехь яахІума хуьлу, амма гІайгІане доцуш денош церан оцу муьрехь ца хуьлу. КІорнеш кхаба а, уьш Іалашъян а еза, цул тІаьхьа уьш Іамо еза шайна юург лаха а.

Кест-кеста оцу муьрехь хьуьнхахь бераша акхаройн кІорнеш лоьху, уьш цІахь кхио а гІерта. Ишттачу хьолехь уьш хІаллакьхуьлуш меттигаш кест-кеста нисло. ЦІахь кхион таро хиллачара а нахана дуккха а цатамаш бо. Дукха хьолахь кхиъна дийнаташ хьуьн чу а хьой дІахоьцу. И санна долу жима экха хІаллакьхуьлуш меттигаш а хуьлу, хІунда аьлча уьш Іемина ца хуьлу шаьш шайна юург лаха. ХІинца кхетаде, хІунда мегар дац могуш жима экха, олхазарийн кІорнеш санна, цІа дан.

Аьхке чекхйолушший, гураххьий акхароша Іаьнна кечам бо. Хьуна хІинца хаьа тарсало Іаьнна тІаьхьалонна юург дІаюьллий. Цхьана тарсало тІаьхьалонна 15 килограмме кхаччалц бІараш, жІаьлийн нускалш, кІохцалгийн диттийн хІуш кечдо. Уьш цо дІалачкъадо бенаш чу, диттийн харанашка, корсамна юккъе. Аренашкахь ялтийн ораматаш хила ма-дуьйладелли, дехкаша тІаьхьалонна шайн бенаш чу дІадуьллу ялта. Бобраша, диттийн гаьннаш а кечдой, хина буха шен бена улло дІанисдо. ДаІамо тІаьхьалонна кечдо ораматийн хІушший, орамашший, ножан бІарашший, якъийна пхьидашший. Тамашена кечам бо Іаьнна черчаша. Аьхка а, гуьйре йолалуш а царна даа хІума дукха ду: хилла цІазамашший, кхиболу стоьмашший, мерзий, мутт долушший болу ораматийн орамаш, массанхьа а дукха ю сагалматаш, Іаламат чІогІа там хиларца дуу цара акхачу накхармозийн а, зІуганийн а моз, цІубдо суланан кенаш. Черчаша Іаламат дукха юу яахІума, уьш чІогІа ерста. Дилхадаьтта — иза а тІаьхьалонан яахІума ю. Гурахь ораматийн гІа доьжначул тІаьхьа, черчаша шайна бенаш до. Гурахь дерста даІам а, шен йозаллин барам 5—6 килограмм сов а йоккхуш. Цхьогало а, сено а,

пхьагало а, барзо а Іаьнна тІаьхьалонан кечам ца бо. Царна Іай а карайо яахІума: кевстигаш, диттийн а, коьллийн а къона гаьннаш.

Октябрехь дуьйна массо а акхаройн аьккенан нилхачу чонан метта кхин керла луьста а, кІеда а чо гучуболу. Ткъа цхьайолчу пхьагалийн, тарсалийн, песцийн чонан бос а хийцало. Пхьагалан чо кІайн хуьлу, тарсалан — сира, песецан — кІайн я сира-сийна. Акхаройн чонан луьсталла а, бос а хийцабалорх кенахдалар олу.

Накхармозашший, зІуганашший аьхка а, гурахь а Іаьнна тІаьхьалонна моз кечдо. ЧІераша аьхка Іов тасар (кхоор) дІахьо. Іаьвнах хуьлуш хуьлу кегий кІорнеш, царах гуьйре тІекхачале даккхий чІерий хуьлу.

Айхьа хьо талла.

1. Муха кечам бо Іаьнна тайп-тайпанчу дийнаташа? 2. ХІунда кечйо дийнаташа аьхке чекхйолушший, гураххьий тІаьхьалонна яахІума. 3. ХІун ду кенахдалар бохург?



Гурралц цхьадолчу динаташа (тарсалша, дехкаша, даІамаша) Іаьнна тІаьхьалонна, яахІума Іалашйо. Кхидерш, масала черчий, чІогІа ерста. КхоалгІачара (пхьагалша, сеша, цхьогалша, берзалоша) цхьана а кепара тІаьхьалонна хІума ца кечйо. Дийнаташ гурахь кенара довлу. Цхьадолу акхарой дІадуьйшу.

ТІедахкарш.

1. «Тидамийн дневникан» 22-чу агІон тІера 34-чу тІедилларехь долу тидамийн дІаяздарш дІадеша. Дийца, гурахь цІерачу дийнатийн дахарехь хуьлуш болчу хийцамех лаций. Кхин тІе а тидамаш дІахьо. 2. Нагахь санна хІинца а «Тидамийн дневникан» 22-чу агІон

32

тІера 33-гІа тІедиллар кхочушдаза хьо велахь, хІокху кІирнах кхочушде иза. 3. КхидІа а дІахьо хенан хІоттаман а, ораматийн а, дийнатийн а хийцамийн тидамбар.

Хьо хьайна ган хьажа.

ЧІогІа самукъане ду, тарсало бІараш муха лоьху хьажар: бІаьлланга гаьннаш тІе тІод а тухий, хьоьжуш Іа, муьлхарниг дукха леста. ХІета, оцу гаьн тІехь бІараш ду. Цу тІе даий, тІаьхьалонний уггаре а тоьлашха долу бІараш хоржу тарсало. Іай тарсална ша тІаьхьалонна дІадехкина бІараш ца карош меттигаш а нисло, тІаккха тарсало бІараш дІадехкинчу меттехь бІаьста бІаьлланги йн эІиидигаш гучуйовлу.

ЦІера дийнаташ аьхка а, гурахь а


1. 36—37-чуй агІонаш тІерачу суьрташка хьажа. Муьлха дийнаташ ду царна тІехь дерш? Уьш дерриш а цІера дийнаташ ду. ХІунда йоккху церан цІе иштта? Кхин муьлха цІеран дийнаташ девза хьуна? Мичахь деха цІера дийнаташ?


2. Суьртех пайда а оьцуш, дийца, муха Іалашдо аьхка цІера дийнаташ. ХІунда леладо уьш аьхка дежийлашкахь? Суьртийн гІоьнца дийца, муха кхета хьо дежийла бохучух.

3. Суьртах пайда а оьцуш, дийца, муьлха докъар кеч-











до. Муьлхачу заманахь кечдо иза? ХІунда кечйо йол аьхка?

4. Муха Іалашдо аьхка цІера дийнаташ? Гурахь дежийлашкахь аьхка санна дукха лела тарлой уьш? Гурахь цІерачу дийнаташна кхин тІе а докъар хІунда ло. Кхетаде, хІунда ло иза. ХІун дийцалур дара хьоьга, хьайн тидамашна тІе а доьгІна, аьхкенан хенахь цІерачу дийнатийн дахарх лаьцна, гурахь церан дахарехь хуьлуш болчу хийцамех лаьцна?

5. ХІунда кхобу адамаша цІера дийнаташ? ХІун башхалла ю цІерачуй, акхачуй дийнатийн дахарехь аьхка а, гурахь а?

ЦІера дийнаташ ду бежнаш, уьстагІий, гезарий, хьакхарчий, бедаш, котамаш. Царах цІера дийнаташ олу, хІунда аьлча уьш деха стагана уллохь, цунна боккха пайда а бохьуш. Вайна цаьргара хуьлу Іаламат пайде сурсаташ: шура, жижиг, хІоаш. Цхьадолчу дийнатийн тІаргІанах а, цІоканах а тІеюхий, когаюхий хІуманаш йо. Хала ду цІерачу дийнаташа вайна луш долчун цІераш яха. Цундела дийнначу шарахь Іалашдо вай уьш.

Аьхка, массо а бохург санна, цІера дийнаташ дежийлашкахь хуьлу. Кхузахь царна тоьъург даар ду — кІеда а, мутта долу а бецаш. ЦІерачу бедаша аьхке чекхъяллалц юу хиш чуьра ораматашший, кегийра дийнаташший. Котамаш юьйлаелла лела леррина билгалъяьхначу меттигашкахь ораматийн хІуш лоьхуш, лаьтта-





РагІ. МаьлхахІуш хьайбанашна даа.

ра тайп-тайпана нІаьний дохуш, сийна бецаш юуш. И даарш дийнаташна тоаме ца хуьлу, цундела царна цІахь кхин а яахІума ло. Къаьстана цІахь кхин а яахІума яла езаш хуьлу цІерачу зІакардохнна. Царна-м аьхка а дийнахь шозза-кхузза ло яахІума.

Аьхка наха Іалашдо дийнаташ, царна тайп-тайпана



докъар а кечдо. Докъаран цхьа тайпа ларало, хьакха а хьаькхина, якъийна буц-йол. Иштта кечйо силос, сенаж, ча. Силос кечйо керла хьаькхна буц оьрнаш чу я лерри-на йинчу гIишло чу йилларца. Ор а, гIишло а дIакъовлу, беца тIе хIаваъ ца кхочуьйтуш. Іа тIекхочуш силос кийча хуьлу. Сенаж дукхахьолахь, еха яьккинчу саьнгар чу дIа а юьллий, хIаваъ тIекхача таро йоцуш, дIакъовлу. Сенаж еш пайдаоьцу кIеззиг якъийнчу алах. Гурахь а лохку дийнаташ дежийлашка. Амма хIинца шийла ю, сих-сиха догIанаш оьху, цкъацкъа ло а догIу. Хан хене йолуш, бе-цаш а дIайовлу. Дийнатийн дежийлашкахь хилар лахло. Уьш цIа догIучу хенахь, аьхка санна, дуьзина ца хуьлу. Цундела царна гурахь юург ло, хан мел йолу сов а йок-кхуш.

ЦIера дийнаташ Іалашдо лерринчу гIишлонашкахь. ХIора гурахь и гIишлош Іаьнна кечйо: тойо, йохйо. Дий-наташна чIогIа новкъа хуьлу чуччамох, цундела Іаламат леррина дIакъовлу муьлхха а херо. Ерриге а гIишло кир тухий кечйо. Киро хIаллакйо цамгар карзахйоккхурш-ший, Іаьнна дIалевчкъина сагалматашший. КIайчу басо гIишло серлайоккху, иза паргIате хоьтуьйту. ГIишлона чуволучу метте, молха тоьхна жира чохь а йолуш, яьш-ка хIоттайо. Ферме чу воьду хIора а оцу жирана тIехула вала веза. Цо гIо до дийнаташна йовлуш йолчу цамгарех уьш Іалашдан.

Гурахь тIаьхьалонан яахIума кечъяр кхидIа а хьо: лерринчу дIайохкийлашка дIайохку картолашший, хас-стоьмашший, тIаьхьалонна дIадуьллу ялта а.

Цицигаш а, жIаьлеш а ду цIера дийнаташ. ЖIаьлеша цIа Іалашдо, ткъа цицигаша дехкий лоьцу. Цундела це-ран а бан беза гIайгIа: яахIума яла еза, цIандан деза, ткъа жIаьлеш-м лийчо а деза, дуьйладалийта а деза. ЖIаь-ла доладалийтар леррина билгалъяьхначу меттигашкаху-ла хила деза.

Айхьа хьо талла.

1. ЦIераш яхал цIерачу дийнатийн. ХIун башхалла ю цIерачуй, акхачуй дийнатийн дахарна юккъехь? Муха Iалашдо наха цIера дийнаташ?

ЦIера дийнаташ, акхарошца дуьстича, наха йинчу лерринчу гIишлошкахь деха. Наха аьхка а, гурахь а Iаьнан тIаьхьалонна оцу дийнаташна докъар кечдо, церан Iуналла до.



ТIедаххарш.

1. «Тидамийн дневникан» 23 агIон тIера 36 тIедилларца хьайн тидамийн дIаяздарш деша. Ойлае, хIунда кхочушбо наха и тайпа белхаш. Муха я хIун гIо до ахь гуьйренан белхашкахь баккхийчарна. 2. «Тидамийн дневникан» 37-чу тIедилларна жоп дала кечам бе. 3. Хьайн тидамийн, сентябрехь айхьа динарг санна, октябрехь а жамIде.

Адамийн къинхьегам аьхка а, гурахь а

1. Адамийн къинхьегаман муьлхачу тайпанца доьзна хуьлу аьхка а, гурахь а цIера дийнаташ Iалашдар?


2. Урокана кечлуш суьрташка хьажа. ХIун до наха аьхка аренашкахь? Ткъа — гурахь? ХIунда кхочушбо и белхаш? Дийца нехан къинхьегаман хьайн хиллачу тидамех лаций а, ахь-айхьа бинчу балхах лаций а.

3. ХIун тайпа белхаш кхочушбо аьхка аренашкахь? Муьлха докъар кечдо кхузахь?

4. Муьлха белхаш кхочушбо аьхка стоьмийн бошмашкахь? Стоьмаш чуберзийначул тIаьхьа, хIун тайпа белхаш бо бошмашкахь? Стоьмийн бошмашкахь аьхкенан а, гуьйренан а муьлхачу белхийн тидам бина ахь-айхьа?



Стоьмийн бешахь Іежаш чудерзор.



Хи туху установка.

5. Муьлха белхаш кхочушбо аьхка хасбошмашкахь? Муьлхарнаш — гурахь? Хасбошмашкахь аьхкенан а, гуьйренан а муьлхачу белхийн тидам бина ахьа-айхьа? Муьлхачу белхашкахь дакъалецира ахь?

6. Муьлха белхаш кхочушбо наха аьхка паркашкахь, скверашкаххьий? Муьлхарнаш — гурахь? ХІунда бо и белхаш?

7. Аьхкенан а, гуьйренан а кхин муьлхачу къинхьегамах лаьцна дийцалур дара хьоьга, хьан-хьайн тидамех пайда а оьцуш?

Комбайнца ялта чудерзор.



Гуьйренан охана.



8. Муьлха аьхкенан болх кхочушбина ахь? Муха кхочушбира ахь иза? ХIунда кхочушбан беза и болх аьхка?

9. Муьлха гуьйренан болх кхочушбина ахь? Муха кхочушбира ахь иза? ХIунда кхочушбан беза и болх гурахь?

10. Муьлхачу машинаша гIо до адамашна ялтанан ораматаш кхиорехь а, чуэцарехь а?

Аьхка аренашкаххьий, хасбошмашкаххьий, стоьмийн бошмашкаххьий, паркашкаххьий наха дIайийнчу а, дIайоьгIначу а хIуманийн Iуналла до: къийсамаш латтабо асаршций, зуламе сагалматашций, латта хьандо, ораматашна хи туху, лаьттан чкъор самсадоккху. Ораматаш леррина лелийча бен хир дац церан дика хьекъар. Аьхка кхуьу баьллаш, хьечаш, хьалха хуьлу Iежаш, тайп-тайпана цIазамашший, хасстоьмашший. Цундела аьхка дIадоладо ялта чудерзор. Ялта кхиошший, чудерзошший нахана гIо до машинаша.

Оцу муьрехь гIаланашкахь дийнахь мосуьйттазза лерринчу машинашца нуй хьокху, урамашна хи туху, хи туху урамийн бохаллехь куьуш йолчуй, керташкарчуй, скверашкарчуй дIайийгIинчу сийналлашна.

Гурахь кхидIа а дIахьо ялта чудерзор. Массанхьа а иза

ДIайийнарг Iалашъяр.



Якъочу хенахь йол кегор.



чудерзадо машинашца — комбайнашца. Гурахь иштта чудерзайо картолашший, хасстоьмашший: копастанаш, жIанкаш, буракаш. Ялта чудерзийначул тIаьхьа, аренашка удобрени а тосий, оху. Iай аьхначу лаьттан чкъор сихха шелло, тIаккха хIаллакьхуьлу асарийн хIун цхьадолу дакъошший, лаьттан чкъурана юккъе дIалевчкъина йолу зуламе сагалматашший, церан нIаьвцицигашший. Цхьадолчу аьхначу лаьтта гуррехь дIадоь Iаьржа кIа а, кIа а. Хасбошмашка тосу жIонкийн а, чам-бецийн а, оччамийн а хIу.

Стоьмийн бошмашкий, паркашкий, скверашкий дIадугIу синтарш а, коьллаш а. Стоьмийн диттан гIодан лахарчу декъана кир я леррина басар туху. Киро хIаллакйо сагалматаш, кир тоьхначу гIодмийн чкъоьрнаш дуур дац пхьагалша. Гуьйренан тIаьххьарчу муьрехь, гIа дожар чекхдаьллачул тIаьхьа, стоьмийн дитташна хи дуьллу. Цо гIо до Iаьнан шело лан а, тIедогIучу шарахь стоьмаш хьийкъина хилийтарна а.

Гурахь гIаланашкаххьий, ярташкаххьий наха Iаьнна ягорг кечйо, цIеношдохдо, тIаьхьалонна стоьмашший, хасстоьмашший дIабохку.



Айхьа хьо талла.

1. ЦIераш яхал наха аьхка бечу белхийн тайпанийн. 2. ЦIераш яхал гурахь бечу белхийн тайпанийн. 3. Кхетаде, хIунда кхочушбо и белхаш шеран оццу муьрехь.

Аьхка а, гурахь а наха терго йо йийначу хIуманийн а, йийгIинчу ораматийн а, цIерачу дийнатийн а. Ялта чудерзадо, тайп-тайпана сурсаташ кечдо, иштта кечдо цIерачу дийнаташна докъар а. Гурахь синтаршший, коьллашший югIу, дIадоь цхьадолу ялта а, цхьаболчу хасстоьмийн хIу а тосу.

ТIедахкаршший, хаттаршший.

1. «Тидамийн дневникан» 10-чу агIон тIера 5—8-чуй тIедилларца догIуш долу хьайн тидамийн дIаяздарш дIадеша. Ойла е, хIунда хилла Iаламехь иштта хийцамаш. КхидIа а дIахьо хьайн тидамаш бар. 2. Тидам бе, хIун духарш леладо наха тIехтилинчу гурахь. 3. Муха хийцаделира ораматаш тIехтилинчу гурахь? Муьлха хийцамаш хаабелира хьуна олхазарийн дахарехь?

Дагахь латтаде.

ТIекхечи беркате гуьйре, адамашна токхо а йохьуш. Хьан стоьла тIе дилли ховха бепиг. Амма хьо иза даа/кхиале, хьуна хаа деза иза дуккхаачу ялташлелорхойн, хьархойн, пурнхойн къинхьегаман куьйгашкахула чекхдаьлла хилар. «Бепиг бен дуй иза! — ала тарло цхьаволчо. — Мел атта ду, туькана а вахана, эца бен дезий и бепиг. Цигахь-м иза шортта ма ду!» Нийса ду! Дуккха а ду вайн махкахь бепиг. Дуьнен тIехь а уггаре а дораха бепиг вайн махкахь ду. Гуттара а дагахь латтаделахь: лаьтта тIехь бепигал деза хIумма а дац хьуна. Нагахь санна стеган бепиггий, хий делахь, иза вехар ву. Бепиг ларар, цуьнан сий дар — иза хьан декхар ду, и ший а цхьа маьIна долуш ду. Цундела халкъо кхоьллина кица: «Бепиг — дерригенан а корта!»

ТIохтилла гуьйре. Могушалла ларъяр а, чIагIъяр а

1. 18-чу агIон тIерачу суьрташка а хьажий, дуста уьш 45-чу агIон тIерачу суьрташца. Гуьйренан муьлха зама ю цу тIехь гойтург? Муха хийцабелла стигалан бос? Муьлха йочанаш хуьлу тIехтилинчу гурахь? ХIун духар леладо наха? ХIунда?

2. Муха хийцабелира тIехтилинчу гуьйренан хенан хIоттам хьан тидамашца?

3. Муьлха хийцамаш хилира дитташкаххьий, коьллашкаххьий тIехтилинчу гурахь? Муха хийцаелира бецан ораматаш?





4. Муха хийцаделира сагалматийн, олхазарийн, кхечу дийнатийн дахар?

5. Садоцчу Іаламехь хуьлуш болчу муьлхачу хийцамаша Іаткъам бо ораматийн а, дийнатийн а дахарна?

6. Хьуна хиира гурахь шийлий, тІуьний хуьлуш хилар. ХІун Іаткъам бо ишттачу хенан хІоттамо адаман могушаллина? Муха ларло нах шелонан цамгарех?

7. Муха хийцабелла нехан къинхьегам тІехтилла гуьйре тІекхачарца? ХІунда?

ТІехтилинчу гурахь арахь шийлий, тІуьний хуьлу. Кест-кеста догІу догІий, лой. Герга гІерташ ду Іа. Дийначу





Іаламехь дерриге а кийча ду Їа тІеэца. ГЇа долчу дитташа а, коьллаша а, иштта баганан дечигаша а охьадожийна гІаш. ГІа долчу диттийн дерзинчу гаьннашна юккъехь кхидІа а «догу сирлачу дешица» мажделла гІаш. Амма хьалхарчу шелонца уьш а оьгур ду охьа. Кхидолу кІохцалгийн ораматаш тІехтилинчу гуьйранна а сийна лаьтта. Гучуьра евлла сагалматаш. ДІаоьху олхазарш дІадахана бовхачу махка. Іаьнна кечам бина акхароша а.

Йовха бедарш тІеюха буьйлабелла нах. ТІехтилинчу гуьйранна къаьсттана ларъян еза шен могушалла, хІунда аьлча шеран оцу муьрехь вуно атта шелло. Хьо арахь волчу хенахь, тидам беш хила хьайн когийн. Уьш гуттара а бекъа хила беза, ткъа бедар яшийна хила ца еза. Нагахь санна бедар яшийна хилахь, сихха цІа а гІой, екъачу бедарца хийца. Яшийна бедаррий, мачашший якъае.

Шелонан цамгар кІезиг кхета могушалла яхчийнчу нахах. Организм яхчаян яккхийра таронаш хуьлу аьхка, амма гурахь а иза яхчаяр кхидІа а дІадахьа деза. И Іалашо йолуш гурахь а цІенчу хІаваэхула волавала веза, дІаяхьа еза хІора Іуьйранна еш йолу зарядка, шийла хи тІедотта я шийлачу хица тІадийна гата хьакха деза дегІах, дийнахь мосуьйттазза цІа чу цІена хІаваъ даийта деза. Адаман могушалла дика чІагІйо физически къинхьегамо. Къаьсттана пайдехь ду цІена хІо долчохь болх бар.





Хьуна хууш ду гурахь бинчу ша тІе вала мегаш цахилар. Цкъа а диц ма делахь иза. ЧІогІа тидаме а, ларлуш а хила хиш долчохь.

Дийца, муха ю хьан дийнан раж. Муха нисло хьан болх са а доІуш бар? Мел хан йойу ахь цІахь бан белла болх кечбарна? Хьайн дийнан рожана юккъе муьлха физически къинхьегам юкъабахийтина ахь? СадаІаран муьлхачу тайпанех пайдаоьцу ахь?

Айхьа хьо талла.

1. ХІун хийцамаш хилла тІехтилинчу гуьйренан Іаламехь? 2. Адамаша къинхьегаман муьлха тайпанаш кхочушдо тІехтилинчу гурахь? 3. Муха Іалашъян а, чІагІъян а еза шен могушалла?



Гуьйре чекхйолуш чІоггІа шелъелира. Кесткеста догІу ло. Дийначу Іаламехь дерриге а кийча ду Іа тІеэца. Наха кхидІа а шаьш гулйинарг тІаьхьалонна дІайиллар дІахьо, Іуналла до цІерачу дийнатийн. ТІехтилинчу гуьйранна шен могушалла Іалашъяр а, чІагІъяр а кхидІа а дІадахьа деза.

ТІедахкаршший, хаттаршший.

1. Гуьйренан хенан хІоттаман айхьа бинчу тидамийн жамІ де. Кхин хІун хийцамаш хилла гурахь садоцчу Іаламехь? 2. Карладаккха, муьлха хийцамаш хилла гурахь ораматийн а, дийнатийн а дахарехь. Ойла е, хІун уьйр ю церан Іаламехь хуьлучу кхечу хийцамашца. ДІадоладе олхазаршна хІума тасар. Хууш хила: гІабакхан, хорбазан, пастанан хІуш цкъа хьалха ата деза, тІаккха олхазаршна дІатаса деза. 3. Карлаяха Іаламехь хаа еза бакъонаш. ХІун дина ахь гуьйренан Іалам Іалашдарехь?

Хиъча пайдехь ду.

Дукхахьолахь тIехтилинчу гурахь цIа чохь мозий гучудовлу. Уьш цIа чу далийна шелоно. Терго еш хила веза, гурахь а аьхка санна, чоьнаш чохь мозий хила ца дезаран. Талламашкахь гучудаьлла мозийн ларашкахь 30 гергга адамна цамгар кхоьтуьйтуш хIуманаш хилла хилар. Царах дукхахъерш масала чохьлазар, Iаламат чIогIа кхераме ю адамна.

Тема карлаяккхарна хаттаршший, тIедахкаршший

1. Ноябрь беттан гуьйренна юкъадогIучу декъан жамI де. Дагарде, маса де хилира гурахь: кхоьлина, сирла-къегина, хийцалуш мархаш йолуш, догIане. Ло деарий? Хенан хIоттам билгалбоккхучу классан юкъарчу календаран таблица тIехь билгалдаха ло диллина терахьаш. Мосазза диллира иза? Маса дийнахь Iиллира ло? Маса дийнахь яра температура 0° лакхара? Маса дийнахь хилира температура 0° лахара? Хилла хаамаш дIаязбе «Тидамийн дневника» тIе. Кхин муьлха хийцамаш тидаме белира хьуна садоцчу Iаламехь?

2. «Тидамийн дневникан» 7-чу агIон тIерачу денойн дохаллин дIаяздаршка хьажа. Гуьйренан беттанийн уггаре а деха денош муьлхарнаш дара? Муьлхарнаш уггаре а доца? Муха хийцало гуьйренан йохаллехь денойн дохалла?













3. Хьайн тидамашкахь герггарчу хьесапехь гуьйренан чекхъялар билгалдаккха. И Іалашо йолуш хенан хІоттаман дІаяздаршка хьажа. Билгалдаккха, ло дан а деана, иза дашаза дисина де. Иза герггарчу хьесапехь гуьйре чекхйолу хан ю.

4. Буста гуьйренан беттанийн хенан хІоттам. Муьлха бутт бара алсамо шийла? Муьлхачу баттахь хилира дуккха а кхоьлина денош, йочане а, мохе а денош? Муьлхачу баттахь догІура кест-кеста ло? Цунах муха кхета мегар ду?

5. ХІун хийцамаш хилира ораматийн дахарехь гурахь? Муьлхачу баттана цІе тилла мегар ду «дашо гуьйре» аьлла? Муьлха бутт бу уггаре а чІогІа гІа дужуш берг? Дуста ораматийн дахаран хийцамаш садоцчу Іаламан хийцамашца. Садоцчу Іаламан муьлхачу хийцамашца бозабелла бу ораматийн дахарехь хуьлу хийцамаш?

6. Гурахь муха хийцаделла цІерачу дийнатийн а, акхаройн а дахар? ХІун уьйр йолуш бу и хийцамаш Іаламан кхечу хийцамашца?

7. Дийца нехан гуьйренан къинхьегамах лаций. Масалшкахь гайта нехан къинхьегам хенан хІоттамах а, ораматийн а, дийнатийн а дахарехь хуьлучу хийцамех а бозуш хилар. Дийца гуьйренан къинхьегамехь айхьа лаьцначу декъах лаций.

8. Кхин цкъа а талла аьхкенан а, гуьйренан а хьайна хууш йолу билгало-

наш. АгIонаш тIерачу суьрташка хьажа. Iаламехь хуьлуш болу муьлха хийцамаш гайтина царна тIехь?

Учебникан хаттареххий, тIедахкареххий пайда а оьцуш, дийца цкъа хьалха аьхкенан Iаламах лаций, тIаккха гуьйренан Iаламах лаций. Жоп луш пайдаэца хьайн тидамех. Аьхкенан а, гуьйренан а коьрта билгалонаш къасто хьажа. Диц ма де нехан къинхьегамах а, аьхкий, гураххьий могушалла ларъярх а, чIагIъярх а лаьцна дийца дезар.

Аьхкенан билгалонаш: йовхо, догIанан кепара йочанаш. Ораматаш сийна ю, дукхахъерш заза доккхуш ю, кхуьу стоьмашший, хIушший. Массанхьа а дуккха а дийнаташ ду, царна дуккха а ма ю яахIума. Наха доладо дIайийначеран а, дIайийгIиначеран а, ялта чудерзадо, докъар кечдо.

Гуьйренан билгалонаш: шелъялар, догIанан а, лайн а кепара йочанаш. ГIаша бос хуьйцу. ораматийн гIа дужу. Сагалматаш гучуьра дIайовлу, олхазарш дIаоьху. Наха ялта чудерзор а, тIаьхьалонна дIадиллар а чекхдоккху.



ТIедахкарш.

1. Карладаккха, муха бан беза Iаламехь тидамаш. КхидIа а леррина дIахьо Iай Iаламехь хуьлуш болчу хийцамийн тидамбар. Цуьнца цхьаьна ларъе Iаламан бакъонаш. 2. «Тидамийн дневника» тIехь чекхдаха «Гуьйре» темина билгалдаьхна тIедахкарш, кхочушде 24-чу агIон тIера 4-гIа тIедиллар, 25-чу агIон тIера 5-гIа тIедиллар.

ТIедогIу Iа

1. Суьрташка хьажа. Шеран муьлха зама ю гойтург? ХIунда хета хьуна иштта? ХIара суьрташ 45-чу агIон тIерачу суьрташца дуста. Муха ю стигал? Хьайна суьрташ тIехь гург хьайн тидамашца дуста. Муха хийцаделла хьан тидамашца лаьттан чкъор? ХIунда хийцаделла Iа тIекхачарца хишший, лаьттан чкъоррий?

2. 45-чу агIон тIерачу суьртех пайда а оьцуш, дийца, гуьйренца дуьстича, муха хийцаделла берийн дахар. «Тидамийн дневника» тIе яздинчух пайда а оьцуш, вовшашца юста гуьйренан а, Iаьнан а хIаваан температура. Муха хийцаелла хIаваан температура Iа тIедарца? ХIинца кхетаде, хIунда юху наха йовха бедар.

3. Муьлха йочанаш хуьлу Iай? ХIунда догIу Iай гуттара а бохург санна ло, догIа а ца догIуш? Ло дилларехь хьайн хиллачу тидамех лаций дийца. Дуста иза учебника тIехь ло дилларх лаьцна яздинчуьнца.

Мох боцчу дийнахь лайн чимаш меллаша лаьтта охьаоьгу, паргIата, гонаха мел дерг а цхьабосса къайла а доккхуш. Амма мох бала боьлча, ло а хьийзаш, дарц долу, тайп-тайпанчу дуьхьалонашкахь леккха лайн оьланаш а хIиттош.

4. «Тидамийн дневникан» 24-чу агIон тIерачу 4-чу тIедилларца а догIуш, дийца, лайн муьлха хорманаш гина





хьуна. Тидам бе, церан суьрташ тайп-тайпана делахь а, амма шайн хорманашца уьш массо а ялхзIенаран седарчий ду.

5. Тидам биний ахь **йояларан?** «Тидамийн дневнике» хьажа. Йолучу хенахь, муха хийцало хIаваан температура? Садоцчу Iаламан муьлхачу хийцамашца дозаделла ду йоялар тIекхачар? Кхетаде, муха кхета хьо **йоялар** бохучу дашах?

ТIекхечира Iа. Арахь мухха делахь а кхоьлина ю. Стигал, гуттара а бохург санна, къайлаяькхина мархаша. Маьлхан денош кIезиг хуьлу. Нагахь санна малх гучубаьлча а, цо йовхо кIезиг ло. Сирла а бац иза, цуьнан гар а кIуьран юккъехула хьаьжча санна хуьлу. Вайн тIех боккхачу мехкан тайп-тайпанчу мехкашкахь дехаш долчу бераша тидам бо тайп-тайпанчу шелонан. Цхьаболчарна —20° йоккха шело ю, вукхарна —30°, ткъа цхьаволчунна —40° я —50° хила езаш санна хетало. Ишттачу хенан хIоттамехь ло хуьлу кIеда-семса, сорса, когаш кIелахь цIийза а цIийзаш.

Iай кест-кеста, хIаваан температура 0° гергга хьалаяьлча, йоялар а нисло. Йоеллачу муьрехь ло хуьлу кIеда, тIелеташ, цунах бан тарло лайн мижарг, лаахь лайн йоккха баба.

Ца хеддаш оьгу лаьтта ло. Мох боцчу хенан хIоттамехь лаьтта ло охьадогIу паргIата, гонаха мел дерг цхьа-





босса къайла а доккхуш. Амма мох бала болабелча, ло а хьийзош, дарц долу, тайп-тайпанчу дуьхьалонашкахь лекхка лайн оьланаш а хIиттош. Къаьсттана чIогIа дарцаш хуьлу февралехь, цундела лаккхара лайн оьланаш а оцу баттахь хуьлу.

Iа чекхдолуш садоцчу Iаламехь билггала хийцаманш хуьлу. Шелонаш лах ца ло, амма маьлхан хьажар сих-сиха а, къегина а хуьлу. Арахь иштта сирла хуьлу, бIаьрса дайа санна. Арара хьо цIа чу ваьлча, цхьана юкъана моттало, цIа чохь бода бу. Маьлхан деношкахь лайн лакхара чкъор даша долало. Сараххьий, бусий дешначу лайна сихха гIура лоцу. Iуьйре тIекхачале ло дета, тIаккха кхоллало чорда кховра — **шан чкъор.** Оцу шана чкъура тIехула цкъацкъа, лайла а ца воьдуш, дIаваха тарло.

Айхьа хьо талла.

1. Муха хийцаелира хIаваан температура Iа тIекхачарца? 2. Муха хийцаелира йочанаш? 3. ХIун хилира хишна?



Iа доларца шело гурахьчул а совъяьлла. Стигал гуттара а бохург санна, къайлаяьккхина мархаша. ХIинца догIург, догIа а доцуш, ло ду. Цо къайладаьккхина латта, цIенойн тхевнаш, диттийн гаьннаш. Хишший, Iаьмнашший шано дIалаьцна.

TIедахкарш.

1. ХIора дийнахь хенан хIоттаман тидамбар дIахьо. 2. «Тидамийн дневникан» 25-чу агIон тIерачу 5—7-чуй тIедахкаршца а догIуш, хьайн тидамийн йозанаш дар кхидIа а дIаҳьо. 3. Ноябрь беттан Iаьнна кхочуш долчу декъана айхьа бинчу тидамийн жамI де. 4. Хьажа, Iаламехь мичахь ду лой, шай.

ХІара ду хьуна юргІа!

ДагадогІий хьуна, ГІура Дада волчу нисъеллачу Машина лайн кІелахь сийна буц гар а, иза гІорийна цахилар бахьана долуш, цуьнан Іаламат чІогІа цецъялар а? ХІета ло-м шийла ма ду! «Иза-м туьйра дара!» — эр ду ахь. Амма ишттаниг туьйранехь хилла ца Іа, цунах кхето а тарло. Хьуна бовза ма бевза пхьагал-цІазам. Иза шелонах кхоьру, —15° хилча, хІаллакьхуьлу. ХІета Іай-м кхин а шийла ма хуьлу. Ткъа лайн кІелхьара пхьагал-цІазам-м шек дІа а бац! Лайно шелонах ларбеш хилла-кх иза. Іилманчаша юьстина лайн тІерачу хІаваан а, лайн бухарчу лаьттан чкъуран а температура. ХІун гучудолу? Термометро гайтина лайн тІерачу хІаваан температура 43° шело, ткъа лайна бухарчу лаьттан чкъуран температура ерриге а —12°. 14 см бен кІорга доццчу лайн бухара температура 17—20° лакхара хуьлу. Ткъа Іай ло кхин а кІорга ма хуьлу. Гуш ма-хиллара, эрна олуш дац, латта лайно къайладаьккхина юргІано санна.

Ло а, ша а

Яханчу урокан тІедилларца лайх хьайн хиллачу тидамех лаций дийца.

Зераш кхочушде

1. Цхьана стакана чу шан цхьа кийсак йилла, вукхунна чу — лайн мижарг. Цхьана ханна юьстах дІахІиттаде уьш.

2. Вовшашца дуста лайн а, шан а бесаш. ХІун бос болуш ду ло? Ткъа ша?

3. Жимо сурт лайн мижаргана а, шана а кІел дилла. ХІун тидаме делира хьуна? ХІун ала мегар дара шан оцу башхаллах?

4. Шан кийсак хи чу йиллал. Ша хина тІехула лела. Жимачу гІожца ша стаканна буха бахийта. ДІаяккха гІаж. ХІун го хьуна? Шан оцу башхонах хІун ала тарло?

5. Лайн мижарг хи чу билла. Ло а, ша санна, хина буха ца доьду. Лайн оцу башхонах хІун ала тарло?



6. Хьажал хIинца зераш дIадолош айхьа стакан чу биллинчу шане а, лайн мижарге а. ХIун хилла лайнаххий, шаххий? ХIунда? Стенах лаьтта лой, шай?

7. Ойла е, муха балур бара хих ша. «Тидамийн дневникан» 25-чу агIон тIерачу 5-чу тIедилларца а догIуш, айхьа кхочушбинчу зеран балхах хиллачух лаций дийца. Юха а карладаккха и зер. Хилларш дIаязде.




Iаламехь лой, шай ган тарло тайп-тайпанчу куьцашкахь.

Iа чекхдолушший, бIаьстий маьлхан агIонгахьара тхевнаш тIера оллаелла хуьлу шан кхазаргаш.

Йохъяла йолалучу хенахь, коран куьзганан бIаьргаш дIалоцу хинан дуткъачу пардоно. Шелъелча оцу хих кхоллало тамашена жIамарш.

Iай хишна стомма ша бо. Хи тIе кхачархьама, шана Iуьрг даккха дезаш хуьлу.



Дарц долчу хенахь, мохо ло дIасакхоьхьу. Цхьайолчу дуьхьалонашна уллохь иза соцу. Иштта кхоллало лайн оьланаш.

Iай цкъацкъа диттийн гаьннаш дIалоцу семсачу лайно. Иза **йис** ю.

Айхьа хьо талла.

1. Муьлха билгалонаш ю лайн? 2. Муьлха билгалонаш ю шан? 3. Шеран муьлхачу хенахь тидам бан йиш ю Iаламерчу лайн а, шан а.

Ло кІайн бос болуш ду, чекх са гуш дац кІеда-семса, хина тІехула лела, йовхонан Іаткъамца хине доьрзу.

Ша бос боцуш бу, чекх са го, экаме, хина тІехула лела, йовхонан Іаткъамца хине боьрзу.



ТІедахкарш.

1. ЦІахь кхин цкъа а лайций, шаций зераш де. 2. «Тидамийн дневникан» 25-чу агІон тІерачу 6-гІа тІедиллар кхочушде. 3. Экскурсе ваха кечам бе: тидамаш бан оьшу тІедахкарш дІадеша. 59-чу агІон тІерачу суьрташка хьажа. Карлаяха Іаламехь леларан бакъонаш (хьажа: хьалхарчу а, тІехьарчу а учебникан мужалте, уьш леррина кхочуш а е).

Хьо хьайна ган хьажа.

Йис шеран шийлачу заманахь бен ца юьллу. Диттийн гаьннашший, серий дІалоцу лайх кхоллаеллачу тамашеначу хормана-ша. Уьш чечакхаш санна кхозаелла хуьлу. Цара дитташ башха хаза хуьлуьйту. Эсаран кегийра дакъош вовшашца ледара тІечІагІделла ду. Га ласта дича, йис охьаюжу. Амма цкъацкъа йис Іаламат бокхачу барамехь йилла а тарло. Цуьнан йозалло диттийн гаьннаш кегдан а тарло, серий хедо а тарло.

Іаьнан экскурси

Хьайца схьаэца экскурси яхьа.

1. Ло дІадаккха бел.
2. Олхазаршна яахІума.
3. ГІутакх я тускар.





Экскурсехь хаа а хаа, кхочуш а де.

1. Муха бу тахана хенан хlоттам? Муха ю стигал? Муха хьоьжу малх? И хьайн тидамаш буста гурахь экскурсехь хьайна гинчаьрца.

2. Шерачу меттигерчуй, дитташна юккъерий лайн кlоргалла юста. Башхаллех кхетаде.

3. Кхетаде, муха хийцаделла хьуьнан (паркан, скверан) юкъара гар гуьйренан хенаца дуьстича.

4. Караде баганан а, гlа долу а дитташший, коьллашший. Тидам тlебахийта, муха хийцаделла уьш гуьйренан хенаца дуьстича.

5. Хьажа гlа долчу диттийн-гаьннашка а, коьллашка а. Гаьннаш тlехь гlаш охьаэгначу меттигана жимма лакхо лаха патар. Арахьа агlора а, чоьхьа агlора а хьажа патаре. Хlун хааделира хьуна?

6. Лаьттан чкъурана тlекхаччалц дlадаккха ло. Хьажа, муха доккху лайн кlелахь ораматаша Iа.

7. Тидам бе олхазарийн. Хlун хийцамаш хилла церан амалшкахь аьхкенан а, гуьйренан а хенаца дуьстича? Олхазаршна яахlума ло.

Тlедахкарш.

1. Экскурсехь хьайна тидаме даьлларш дlаязде «Тидамийн дневникана» тlе. 2. Дитташ хедийначул тlаьхьа, гулдина гаьннаш,

хи чу а дахкий, коре дІахІиттаде. Тидам бе, хІун хир ду царах. Хилларг дІаязде «Тидамийн дневникан» 28-чу агІон тІерачу 16-чу тІедилларна тІе. 3. «Тидамийн дневникан» 27—28-чуй агІонаш тІерачу 14—15-чуй тІедахкаршца догІу тидамийн дІаяздарш дІадеша. Оцу тидамех лаьцна классехь жоп дала кечло. КхидІа а дІахьо ораматаш тІехь тидамбар.

ГІа долу а, багана а ораматаш Іай

1. Суьрта тІехь караде гІа долу а, баганан а дитташ. Дагадаийта, хІунда йоккху церан цІе иштта. Экскурсехь муьлха баганан дитташший, коьллашший гира хьуна? Уьш муха дара? ХІун хийцамаш хилла цаьрца гуьйренан кенаца дуьстича? Буста хьайн тидамаш учебникан агІонаш тІехь хьайна гинчуьнца.


Муьлха гІа долу дитташший, коьллашший евзира хьуна экскурсехь? Уьш муха яра? ХІун хийцамаш хилла царна гурахь? Дийца гІа долчу а, баганан а диттийн Іай хьайн хиллачу тидамех лаций. Стенца боьзна бу ораматийн дахарехь и хийцамаш?

2. Хьайн тидамашца а, учебника тІерачу суьрташца а дийца цхьана баганан ораматах лаций хІокху планаца:

Ораматан цІе.

Дитт я колл.







Мичахь гина (хьуьнхахь, паркехь) хьуна и орамат?

Гурахь гІаш дарий царна тІехь? ХІун бос бара церан?

Іа тІекхаьчча дисиний гІаш царна тІехь? Муха хийцаделла уьш?

Четакотингаш ярий гурахь? Іай юй цу тІехь четакотингаш?

Хийцаеллий Іай баганан ораматаш гуьйренан хенаца юьстича?

3. Хьайн тидамашца а, учебника тІерачу суьрташца а дийца цхьана гІа долчу ораматах лаций хІокху планаца:

Ораматан цІе.

Дитт я колл.

Мичахь гина (хьуьнхахь, паркехь) хьуна и орамат?

Гурахь гІаш дарий цунна тІехь? ХІун бос бара церан?

Іа тІекхаьчча дисиний и гІаш царна тІехь? Муха хийцаделла уьш?

Хийцаеллий Іай гІа долу ораматаш гуьйренан хенаца юьстича?

4. Іай муьлхачу хийцамийн тидам бира ахь кхечу гІа долчу а, баганан а ораматийн дахарехь?

5. Хьажа суьрта тІерачу стом болчу Іаьнан гаьннашка. Хийцаделлий церан куц аьхкенан а, Іаьнан а хенаца дуьстича? Тидам хиллий хьан Іай дитташна а, коьллашна а



тІерачу стоьмийн? Нагахь хьайна хаахь, ахка церан цІераш. Муха дара уьш Іай?

6. Ораматийн гаьннаш тІехь гІана кимма лакхо Іай патарш дуьсу. Къаьстина атта уьш ган тарло гІа долчу ораматийн. Дагабаххкийта ораматийн патаршна тІехь хьайн хилла тидамаш. Хьажа учебникан 62-чу агІон тІерачу суьрте а, «Тидамийн дневникан» 27-чу агІон тІерачу патаран хьайн суьрте а. Тидам тІебахийта: патар арахьара агІор дІакъевлина юькъачу Іаьржачу пелагаша. Царна кІелахь дика го кегийра сийна гІаш. Ойла е, хІун маьІна ду пелагийн. Орамат Іай хІаллакьхуьлий?

7. Хьажа баганан ораматийн тайп-тайпанчу гаьннашка. Хийцаделлий уьш гуьйренан хенаца дуьстича? Дуста оцу ораматийн кІохцалгаш дохаллица, бесаца, гІодамца дІанисдаларца. Карае четакотингаш. Юста уьш хормица, бесаца, гІодамца дІанисъяларца. Баганан ораматийн юкъара хІун ду, уьш вовшех стенца къаьста?

8. ХІинца дуста гІа долчу а, баганан а ораматийн Іаьнан гаьннаш. Жамі де, муха доккху хІокхара а, кхечара а Іа. Хьайн хаарш дуста ораматийн Іаьнан хьолаций, учебника тІехь царах лаьцна яздинчуьнций.

Дукхах йолчу баганан ораматаш Іа доккху сийначу гІашца. ГІа долчу ораматаша Іа гІаш доцуш доккху. Мас-







со а баганан ораматаш тIехь Iаьнна Iалашдо чӏтакотингаш.

ГIа долчу ораматаш тIера гIаш гуррахьехь охьаэгна. Амма цхьадолчу гаьннаш тIехь ган тарло макхделла гIаш. Уьш къаьстана дукха ду ножа тIехь. Дуккхаъчу ораматашкахь: датта тIехь, къаххка тIехь, акаци тIехь, хьеха тIехь, хьармака тIехь, чIижаргIа тIехь — Iаьнна стоьмаш Iалашло.

9. Суьрташка а хьожуш, дийца, муха Iа доккху кIано, клюкво, пхьагал-цIазамо. Дуста иза экскурсехь хьайна лайн кIелахь гинчуьнца. Лайн хIун маьIна ду ораматийн дахарехь?

Кест-кеста лайна тIехула ирхдахна хуьлу бецан ораматийн дакъаделла гIодмаш. Царна тIехь ган тарло Iаьнна Iалашбелла стоьмаш а, хIуш а.

10. Цхьадолу ораматаш: наьрсаш, помидораш, хох — Iай теплицашкахь кхиайо. Иза хIунда до?

Учебникан 63-чу агIон тIерачу суьрте хьажа. Теплицехь муьлхачу ораматийн хьекъам чуберзабо? Нагахь санна хьо теплицехь хиллехь, дийца, муьлха ораматаш кхиадо цигахь. Муха яра уьш хьуна гучу хенахь? Стенца къаьста теплицехь кхуьуш йолчу ораматан тIехулара куц Iаьнан Iаламехь долчу ораматал? Ойлае, хIунда хуьлу Iай а теплицашкахь долу ораматаш дика кхиъна а, хьийкъина а.

Айхьа хьо талла.

1. Iа муха доккху дитташий, коьллаший? 2. Iа муха доккху бецан ораматаша? 3. ХIун маьIна ду лайн Iай ораматийн дахарехь?

Дукхах долчу дитташа а, коьллаша а Іаьнна гІаш охьакхуьйсу, амма гаьннаш тІехь патарш дуьсу. Цхьадолчу дитташ тІехь а, коьллаш тІехь а Іаьнна буьсу стоьмаш а, декъа гІаш а. Сийна гІаш долуш Іа доккху дукхах йолчу батанан ораматаша. Іай сийна гІаш Іалашдо лайн кІеларчу цхьайолчу ораматаша а. Лайно лардо ораматаш шелонах.



ТІедахкаршший, хаттаршший.

1. Хи чу дехкинчу диттийн гаьннийн тидамбар кхидІа а дІахьо. Муха хийцало церан патарш? Хийцаделлий техьа оцу муьрехь Іаламера дитташший, коьлашший? 2. Хаа, муьлха чохь латто ораматаш ду шун школехь а, цІахь а. Муха Іалашдо чохь латто ораматаш? «Тидамийн дневникан» 28-чу агІон тІерачу 17-чу тІедилларций, 17-чу агІон тІерачу 24-чу тІедилларций догІуш, чохь латточу ораматийн айхьа бинчу тидамийн дІаяздарш дІадеша. Классехь хьайн тидамех лаьцна дийца кечло.

Чохь латто ораматаш

1. 66-чу агІон тІерачу суьрташка хьажа. Муьлха ораматаш ду цу тІехь гойтурш? Царна юкъара классехь дерш караде. Дагахь латтае церан цІераш. Кхин муьлха чохь латто ораматаш девза хьуна?

2. Дуста чохь латточу ораматийн а, Іаламан ораматийн а тІехулара куц. Дуста, муха Іа доккху хІокхара а, кхечара а.

3. Дийца, айхьа тидам латтош болчу хьайн ораматах лаций.

Дукхах долу чохь латто ораматаш Іай а, шеран кхечу заманашкахь санна, сийна хуьлу. Цхьадолчара-м Іай за-за а доккху.




Аспидистра



Камнеломка

Дерриге а бохург санна, чохь латто ораматаш вайна схьадеана ду Іа ца дулучу бовхачу мехкашкара. Цундела дийнначу шарахь уьш латтадо йовхачу хІусмашкахь. Чохь латто ораматаш дІанисдеш, терго латто еза царна тІе дика серло кхеташ хилийтарна тІехь. Лекхачу ораматашка серлонан дуьхьало яйта мегар дац лохачарна. Дика хир ду чохь латто ораматаш лерринчу хІуманна тІе дІахІиттийча, я коранна жимма гено а даьхна, хьалауллучу хІуманна чу дехкича, я кор долчу агІонгахьара дохалла дІанисдича. Ораматаш корашка дахка ца магадо, хІунда аьлча цара хІусам чу серлонан цхьа дакъа ца кхочуьйту. Ма-дарра аьлча, оцу ораматана иза гуттара а, пайде а ца хуьлу. БІаьста а, аьхка а цара бала хьоьгур бу маьлхан йовхонах. Малх болчу дийнахь чІогІа йохлур ю зезагийн кхабанаш, цуьнца цхьаьна дохло цу чуьра лаьттан чкъор а. Цо талхадо ораматийн дахар. Гурахь а, Іай а, мелхо а, ораматаша бала хьоьгур бу, шелъялар бахьана долуш. ЧІогІа балане бу царна чуччамох а.

Нагахь санна ораматаш коре хІитто дезаш нислахь а, дечиган кІелхІотторгана тІе хІиттадо уьш. Коранний, зезаган кхабиний юккъе хІоттадо жима у я фонера. Оцу дуьхьалоно лахдо Іай кхаби чуьра лаьттан чкъор шелдалийтар а, аьхка — тІех дохдалийтар а.



Муха лело деза чохь латто ораматаш.

1. Аьхка хIора дийнахь ораматашна чоьнан температура йолу хи тоха, Iай — наггахь. Амма тергонехь латтаде кхаби чуьра латта тIуьна хила дезар. Кактусашна аьхка ши-кхо де мосазза долу хи тоха, ткъа Iай — шина кIирнах цкъа-шозза. Хитухургаца тоха хи, лакхара тIе а ца дуттуш, цхьана агIорхьара дотта.

2. Орамаш тIе хIаваъ кхачийтархьама, гIожца самсадаккха латта.

3. Даккхийчу шерачу гIаш тIера чан тIуьначу горгамца дIаяккха. Кегий а, охьаихна гIаш долчу а ораматашна хи тоха.

4. Рожехь тукарца дIахедаде ораматийн декъа гIашший, гаьннашший. ЦIена латтае зезаган кхаба а, кIелхIоттораг а.

Кхочушде иза хьайн чохь латточу ораматах цхьаьнца.

Айхьа хьо талла.

1. ХIун башхалла ю чохь латточу ораматийн а, Iаламехь кхуьучу ораматийн а дахарна юккъехь? 2. ХIун маьIна ду чохь латточу ораматийн? 3. Муха Iалашъян еза чохь латто ораматаш.



Чохь латточу ораматех дукхахъерш дийнначчу шарахь сийна хуьлу. Цара хазйо хIусам. Чохь латто ораматаш леррина лело еза. Царна хи тоха деза, кхаби чуьра латта самсадаккха деза, гIаш тIера чан дIаяккха еза.

ТIедахкарш.

1. Чохь латто ораматаш классехь а, цIахь а Iалашде. Хьайн чохь латточу ораматаш тIехь тидамбар кхидIа а дIахьо. 2. Дагалаца, хIун хилира гурахь сагалматашна, Iаьнна муха кечамбира олхазарша. 3. «Тидамийн дневникан» 29—30-чуй агIонаш тIера 19—22-чу тIедахкаршца долу дIаяздарш дIадеша. 22-чу тIедилларехь долчу тидамех кхетаде.

Чохь латто ораматаш

тамашена хилла ца Iа шайн хазаллица. Царах цхьайолчарна тIехь кхио тарло бууш болу стом. Иштта, дукхахболчу зезагашлелорхойн стом кхуьу чохь латточу лимона тIехь. Чоме стом кхио тарло чохь латточу инжира тIехь а. ХIусамашкахь кест-кеста кхиайо ниттех тера цхьа орамат. Цуьнан Iилманехь йоккхуш йолу цIе ю—плектрантус. ЧIагIдо, оцу орамато йоккху, хIусамера неций, мозий лелхош йолу, шатайпа цхьа хьожа. Массарна а дика евза хаза хьожа йолу пеларгони. Цуьнан гIаша къастайо хаза хьожа йолу хIуманаш. Цара цIа чуьра хIуо цIандо, хIаваэхь иеелла зуламе хIуманаш дIа а йохуш.

Олхазарш Iай

1. Дагадаийта, хIун юу олхазарша. ХIунда дахана гурахь олхазарш бовхачу мехкашка? ХIинца гой хьуна олхазарийн цхьа а тайпа? Вай долчохь Iа даккха соцуш долчу олхазарех Iа доккху олхазарш олу.


2. 69-чу агIон тIерачу олхазарийн суьрташка хьажа. ДIаеша церан цIераш. Уьш Iа доккху олхазарш ду. Цара

Іорамма а хІун юу? Іай и олхазарш ган таро хиллий хьан? Дийца, уьш хьуна мичахь гира, цара хІун дора.

3. Муьлха олхазарш гина хьуна хьайн цІийна уллохь? ХІунда даьххина уьш адамаш дехачу метте? Дийца Іай хьозарчашний, цІирцІирхьозарчашний, къигашний, жьаргІашний тІехь хьайн хиллачу тидамех лаций.

4. Кхин цкъа а хьажа суьрташка. Іа доккхучу олхазарша Іай хІун юу? Ойла е, уьш хІунда ца дахана Іаьнна вай долчуьра дІа.

ІА ДОККХУ ОЛХАЗАРШ



5. Хьан цIийнан уллохь олхазаршна бина гуй буй? ХIунда хIиттадо гуйнаш? ХIунда тосу Iа доккхучу олхазаршна юург? Дукха олхазарий догIий хьан гуйна тIе? Кест-кеста догIий уьш? Муьлха даар дикахо дуу? Дийца, кхин хIун гира хьуна гуй тIерачу олхазарийн тидам беш.

Гурахь бовхачу мехкашка дIаихна дIадоьлху олхазарш. ЦIарна Iай юург тоьур яцара. Амма Iа доккхуш вай долчохь совцу тоьур доллуш дукха олхазарш. Уьш Iа доккху олхазарш ду. Уьш Iа доккхуш совцаран бахьана ду царна юург карош хилар.

Хьуна хууш ду гуьйренан шело тIейогIуш сагалматаш дIаловчкъу лилхинчу чкъоьрнашна юккъе, цIенойн, кертийн херонашка, декъачу гIашна юккъе. Iай ораматийн тидам беш, хьуна гира, диттийн а, коьллийн а гаьннаш тIехь дисина патарш, цхьайолчу ораматашна тIехь — стоьмашший, хIушший. И къайлаевлла сагалматашший, стоьмашший, хIушший дуу Iай олхазарша. Ткъа поползнешший, цIирцIирхьозарчашший шаьш гурахь тIаьхьалонна дIаехкинарш схьалоху. Дукхахьолахь цIирцIирхьозарчий, поползнеш, королькеш жатташка цхьаьнакхета. ТIаккха царна атта хуьлу яахIума лаха.

Клесташа Iа чекхдаллалц дуу базанан а, зезан а хIуш. Оцу ораматийн хIуш Iа тIекхочуш кхуьу. Шеран оцу заманахь клесташна даахIума шортта хуьлу. Цундела йоху оцу олхазарша кIорнеш Iай. Гобаькхина ло, буьрса шело, ткъа бена чохь — кIорнеш. Амма шело царна кхераме яц, хIунда аьлча уьш гуттара а юьзна ю.





ХІетте а олхазарша Іай мацалла хьоьгу. Къаьстана хала хуьлу даахІума лаха ло дуьллушший, дарц долушший, чІогІа шело хІоьттачий. Олхазаршна хало хуьлу дитташ тІе кІац йиллинчу хенахь а, хІунда аьлча церан таро ца хуьлу дІалевчкъинчу сагалматашна а, патаршна а тІекхача. Иштачу хенан хІоттамехь, бІаьстенга а ца довлуш, дуккха а олхазарш мацалла ле. Иштта, ялх сохьтехь мацалла лайначул тІаьхьа, хІаллакьхуьлу кегий хьозарчий, ткъа хІора итт цІирцІирхьозанах бІаьстенга шиъ бен ца долу. Цундела олхазаршна массанхьа а яахІума тосу. Ахь а диц ма де хІора дийнахь а олхазарийн гуйна чу яахІума таса. Нах гуйнаш дІаохка хьовсу стоьмийн бошмашка а, паркашка а, скверашка а. Гуйна тІе деана олхазарш леррина дІасахьовсу луларчу дитташкий, коьллашкий, царна тІехь сагалматаш лоьхуш. Иштта зене садолчу хІуманех лардо цара дитташ. Нагахь санна олхазаршна гуттара а цхьана меттехь яахІума караяхь, аьхка а уьш кхуза догІур ду, ткъа ораматаш цІандийр ду зене-сагалматех.

Кест-кеста Іай дитташ тІе дІаухку леррина дина баннаш. Цу чохь олхазарша буьйсанаш а йоху, йочанах дІа а ловчкъу.

Айхьа хьо талла.

1. ХІунда ца доьлху Іа доккху олхазарш бовхачу мехкашка? 2. Іай муха гІо до наха олхазаршна? 3. Иза хІунда до цара?

Вай долчуьра бовхачу мехкашка дІа ца доьлху Іа доккху олхазарш. Цара дуу ораматийн патарш, хІуш, стоьмаш, дІалевчкъина сагалматаш, адам дехачу меттехь яахІума лоху. Іай кест-кеста мацалла ле олхазарш. Цундела олхазаршна Іай юург тосу.



ТӀедахкаршший, хаттаршший.

1. Олхазарийн тидамбар кхидӀа а дӀахьо. Диц ма де царна яхӀума таса. 2. Дагадаийта, муха дехира акхарой аьхка. ХӀун хийцамаш хилла церан дахарехь гурахь? ХӀун кечам бира цара Іаьнна? 3. Лай тӀерачу ларашка хьажа. Муьлхарнаш ю царах хьуна евзаш?

Хила йиш йоцу хӀума хетий хьуна?

«Полла лайлахь» цӀе йолуш хаза илли ду. Хила йиш йоцу хӀума хетий хьуна иза? Ца хета. Цунах кхета а тарло. Цхьадолу полларчий дӀаловчкъу цӀенойн херонашна юккъе, дукхахьолахь тхевна кӀела. Циггахь набарха а дулу уьш. Іаьнан малхо йохйича, тхов а бохло, тӀаккха самаболу полла. Самабаьлла полла сихха арабала гӀурту, ткъа кхузахь и тӀекхочу къизачу шелонна. Полла белча санна охьабужу лайла. Дукхахьолахь и саннарг хуьлу Іаьнна туьмкалган хероне дӀалечкъинчу поллана. Арахь шело сов мел йолу, пешаш ягор а доккху сов. Оцу йовхоно самабоккху полла.

Иштта цатам хила тарло хьуна дика бевзаш болчу поллана.

Іа муха доккху тайп-тайпанчу дийнаташа

1. Муьлхачу дийнатийн суьрташ ду 74-чу агӀон тӀехь дерш? Уьш 33-чу агӀон тӀерачу суьрташца дуста. Муха хийцабелла, гуьйренан хенаца дуьстича, тарсалан, пхьагалан чо? Ткъа цхьогалан? Дагадаийта, дийнатийн дахарехь оцу хийцадаларх хӀун олу.







2. Іай хІун юу пхьагало, тарсало? Муха лоху цхьогало шена ижу? ХІунда іаІайо чано Іаьнна мохь, тарсало кечйо тІаьхьалонна яахІума, ткъа хІунда ца кечйо цхьогало а, пхьагало а тІаьхьалонна яахІума?

3. Хьажал суьрташ тІерачу тарсалан, пхьагалан, цхьогалан ларашка. Стенца къаьста уьш вовшех?

4. Нагахь санна хьан хьуьнхахь хуьлийла хиллехь, ахь дийнатийн лараш лехнехь я уьш шаьш гинехь, дийца классехь цунах лаций.

5. Муха гІо далур ду хьуьнан акхарошна Іай? Нагахь санна шун районехь Іай акхарошна яахІума лахь, дийца цунах лаций классехь.

КІоргга ло дилларций, шелонашций тІекхечира Іа. Лайн кІелахь дІалевчкъина стоьмаш, хІуш, кхин а тІе ца кхочуччу девлла ораматийн орамаш. Яц муттане бецаш а, я диттийн гІаш а. Амма акхарой Іаьнах ца кхоьру. Іаьнан буьрсачу шелонах уьш кІелхьара доху месала-кІедачу, йовхачу цІокано. Кхераме яц царна мацалла а. Хьуьнхахь я бІараш а, я жІаьлийн нускалш дацахь а, тарсало уьш аьхкий, гураххьий Іалашдина, ткъа хІинца шен тІаьхьалонна дІайиллинарг лоьхуш ю иза. Кхузахь лайно а новкъарло ца йо. Хьожаярца карадо корсамна юккъе дІаловчкъийна бІараш, ло дІаса а тосий, чомехь дуу цо уьш. Там хиларца дуу цо базанан бІарийн хІуш, нисса Іа тІекхочуш хуьлуш долу. Іаьнан шелонаххий, йочанеххий дика Іалашйо тар-

сал шен бено. Иза цо бо кегийчу гаьннех, корсамах нисса гаьннашна тІехь я диттийн харанашна чохь. Гуттар а бохург санна, хІора экхан хуьлу тайп-тайпанчу меттигашкахь масех, цкъацкъа 30 тІекхаччалц бен.

Чанан даар а дац хьуьнхахь. Амма ча вон дІа ца таръелла: хІумма а ца юуш, Іа чекхдаллалц шен бенахь йижна Іуьллу. Шен бенахь наб йо даІамо а. Аьхка а, гурахь а шаьш дегІехь ІаІийначу махьаран четаӀ деха уьш оцу заманахь. Амма даІам чанах къаьсташ цкъацкъа самадолу, шен тІаьхьалонна дІайиллинчух хІума а юий, юха а дІадуьжу. Ткъа пхьагалшший, цхьогалшший, сеший тІаьхьалонна хІумма а Іалаш ца йина. Пхьагалан даар ду диттийн гаьннашший, гІодан чкъоьрнашший. Диттийн дуткъа гаьннаш дуу сеша а. Цхьогало леррина хьожа йоху лайн. ЧІогІа дика хьожа кхеташший, хІума дика гушший, хезашший ду цхьогал. Цунна хеза лайн кІелхьарчу дехкан жимма а цІовзар. Дехкий — уьш цхьогалан Іай хуьлуш долу даар ду. Токх хилархьама, цо цхьана дийнахь баа беза 20 геррга дахка.

Буьйсанна садоІуш а, йочана йолуш а цхьогаллий, сай дІалечкъа дІахьуллойле — атта кІаргдинчу лайла. СадоІучу сен дІахьуллойлера гуш хуьлу беккъа цІена корта а, букъ а, ша-башха тІаргІано дІалаьцна болу. Когаш цо дІаловчкъабо довхачу гайна кІела. Цхьогал, шена тІе кІедамесала цІога а тосий, шен дІахьуллойле хьорччий дІадуьжу. Пхьагалша цкъацкъа садоІу кІаг чохь. Амма Іа шийла долчу меттигашкахь, уьш дІаловчкъу лайн кІела. Охьадиттина дитташший, коьллашший йолчохь хуьлу сацаделла ло, цунна бухахь кхоллало хара, цу кІела дІаловчкъу пхьагалш.

Амма акхароша, олхазарша санна, Іай мацалла хьоьгуш меттигаш а нисло. Тарсална ша дІайиллинарг ца карош меттигаш а йогІу, цуьнан баганан ораматийн хІуш бен даа таро йоцуш хан нисло. Токх хилархьама, цуьнан

цхьана дийнахь даа деза 28 базанан бIарийн я 380 зезан бIарийн хIуш. Базанан бIарийн хIуш хьено ду, зезан бIарийчул. Цундела уьш мелла а аьхна ду. Тарсална цхьана дийнахь каро дезаш долчу бIарийн бараман йоккха башхалла цунах йозуш ю. Иза кхочушдан вуно хала ду, къаьстана Iа чекхдолуш. Цу тIе хIора шарахь а ма ца хуьлу хьийкъина бIараш.

Пхьагалший, сеший дууш долу диттийн а, коьллийн а гаьннашший, чкъоьрнашший, бецаца дуьстича, кIезиг хьоналла йолуш ду. Дузархьама оцу дийнатийн дуккха а хIума яа еза. Масала, цхьана дийнахь сено яа еза 9—10, ткъа чIогIа шийла хилча, 20 килограмм яахIума. ЧIогIа ло диллинчул тIаьхьа, яахIума лаха Iаламат хала ду, хIунда аьлча коьллашший, лоха дитташший лайн кIелахь хуьлу, ткъа лекхачу диттийн гаьннашна я сеш а, я пхьагалш а тIе ца кхочу. Цул совнаха, сешна хала ма хуьлу кIоргачу лайлахула лела, вуьшта аьлча, хала ду яахIума лаха. Цундела акхарошна, олхазаршна санна, яахIума таса еза. Хьуьнхахь дIаухку аьхка кечбина гIа долчу ораматийн цIевнаш, дIасатосу йол, жIонкаш, копастанаш. Хьоьга а далур ду шеран оцу халчу заманахь акхарошна гIо.

Хала хуьлу Iай чIерашна. Шано хи тIе хIаваъ ца кхочуьйту. ЧIерашна садаIа хала хуьлу, уьш хIаллакьхила тарло. Цундела Iай шана Iуьрг доккху. Iуьргарчу хина сихха ша ца байта, цу тIе чен цIов а буьллий, ло тIетосу. Лайлахулий, ченахулий хIаваъ хи тIе дика кхочу.

Пхьидаш а, моьлкъарчий а, лаьхьанаш а Iа чекхдаллалц набъеш Iохку.

Айхьа хьо талла.

1. Муха йо тайп-тайпанчу акхароша Iай шаьш-шайна юучу хIуманан кхачо? 2. ХIунда таса еза акхарошна Iай яахIума? 3. Муха гIо до наха чIерашна?



Іай дукхах йолчу акхароша дийнна де яахІума лоьхуш доккху. Кхечара пайдаоьцу шаьш дІайиллинчух. Цхьадерш Іай дІадуьйшу. Хьуьнан акхарошна, олхазаршна санна, яахІума тосу. ЧІерашна хи тІе хІаваъ кхачийтархьама, хиш тІерачу шашна Іуьргаш доху.

ТІедахкарш.

1. Дагадаийта, хІун кечам бира наха Іаьнна цІера дийнаташ бахьанехь? Кхетаде, хІунда бан беза и кечам Іа тІекхачале. 2. «Тидамийн дневникан» 30-чу агІон тІера 23-гІа тІедиллар кхочуш а де, 31-чу агІон тІера 24-чу тІедилларца догІучу дІаяздаршка а хьажа. 3. Январехь бинчу тидамийн жамІ де.

ХІара тамашена хІума ду!

КІорга диллинчу лайно дийнаташна чІогІа новкъарло йо дІасалела. Цара пайдаоьцу, дІасалелар сихдархьама, уггаре а кІеззигчу таронах а. Царах цхьадерш атталла лекха боцчу гу тІера а дуьйлалой а ца догІуш, агІонна я гай тІе а дуьйший, чукерча. Нийсачу метте нисделча, цхьана юкъана доду я кхоссало, юха сихха гай тІе а дуьжий, чушерша. Цхьадолу акхарой, масала сеш, хьалха-тІаьхьа лела лайлахула. Ткъа пхьагална Іай когаш тІехь довлу дуькъа деха чоьш. Иза цкъа кхоссаеллачул тІаьхьа, цхьана юкъана лайлахула, лыжаш тІехь санна, шерша. Эрна доцуш цкъацкъа цунах олу «лыжийн» пхьагал.

ЦІера дийнаташ Іай

1. Суьрташка хьажа. Муха хийцаделла дийнатийн дахар Іа тІекхачарца дозаделла? Ойла е, хІунда ца лохку дийнаташ дежийлашка. Муха Іалашдо наха цІера дийнаташ?

2. Кхин а муьлха цІера дийнаташ девза хьуна? Дийца Іай церан дахарехь хьайна тидаме даьллачух лаций.

3. Дуста, муха деха Іай цІера а, акха а дийнаташ. ХІун башхалла ю Іай цІерачу дийнатийн дахарний, акхачу дийнатийн дахарний юккъехь?

4. ХІун Іалашо йолуш кхаба а кхобу, Іуналла а до цІерачу дийнатийн?


Хьуна хІинца хууш ду цІерачу дийнаташна Іай шаьш докъар лахалур доцийла. Цундела уьш дежийлашка дІа ца лохку, лерринчу гІишлошкахь латтадо. Іай наха кхаа а гІуллакхаш до цІера дийнаташ Іалашдарца доьзна. Дийнаташна дийнахь мосуьйттазза билггалчу рожехь докъар дуьллу, мала цІена хи ло, кхелли дІайоккху. Бежнаш шайн рожехь лерринчу щетканашца цІандо. Бежнашна гІайгІа беш хьажар бахьана долуш, Іай а шура яккхар ма ца ло, ткъа уьстагІий, хьакхарчий, пхьагалшший дилладахь дика тІекхета.

Цхьадолу цІера дийнаташ Іай дехка: атто эса до, хьакхано — херси, уьстагІо — Іахар. Царна цкъа хьалха шура яайо, тІаккха, жим-жимма йохуш, дийнаташна луш долчу докъарна тІе йоху.

Бежнаш хІора дийнахь дуьйладолуьйту. Оцу муьрехь гІишлош чу мох кхоьтуьйту, уьш леррина цІанйо. Іаьнан дохаллехь ферманашкахь чуччамох ца хилийтаре хьожу, гІишлонна чу воьдучохь гуттара а молха тоьхна жир а йолуш, яьшка хуьлу.

Дуккхаъчу наха чохь кхобу жІаьлешший, цицигаш-





ший. Царна тIехь Iай Iуналла дар оьшу: шен хеннахь хIума яайо, цIандо, ткъа жIаьлеш лийча а до, арахь дола а долуьйту.

ЖIаьла — адаман тешаме доттагI ду. Дуккха а дика-ниг, пайдениг дина цо адамна. Дуккха а меттигаш хилла, жIаьло лечуьра нах кIелхьара бохуш, я шен кхелхинчу дена уллохь жIаьла леш.

Айхьа хьо талла.

1. ЦIерачу дийнаташа мичахь доккху Iа? 2. Муха Iуналла до наха цIерачу дийнатийн? 3. ХIун башхалла ю цIерачу дийнатийн а, акхаройн а Iаьнан дахарна юккъехь?



ЦIерачу дийнаташа Iа адамаша йина йолчу лерринчу гIишлошкахь доккху. Наха дийнаташна докъар ло, цIандо уьш, ларйо церан могушалла.

Акхачу дийнаташа шаьш-шайна лоху яахIума. Йочана йолчу хенахь, уьш дIаловчкъу шайн бенашка, Iуьргашка я дитташний, коьллашний кIел.

ТIедахкарш

1. Дагалаца, муьлха белхаш кхочушбира хьо вехачу меттигерчу наха гурахь. Кхетаде, хIунда кхочушбира гурахь и тайпа белхаш. 2. «Тидамийн дневникан» 31-чу агIон тIерачу 25-чу тIедилларца долу тидамийн дIаяздарш дIадеша. Дийца кечло, Iай хIун болх беш дакъалецира ахь.

Тидаме эца.

Хааделла, цIерачу дийнаташна, къаьсттана уьш гIишлош чохь делахь, гIовгIанаш, маьхьарий, дукха чIогIа къамелаш новкъа хилар. Цкъацкъа цара шайна хьалха диллина докъар даа а дуьхьало йо, ткъа, бежнаша узучу хенахь, ерриг шура а схьа ца ло. Оцу гIиллакхана юкъара яха мегар дац цIера котамаш а. Дагахь а доцуш,

тIехьана неI а йиллина, буьн чу стаг ваьлча, котамашна юккъехь къьхьа къурс оьккху. Цундела тIедогIучу деношкахь хIусамнанна гучудолу деш долу хIоаш лахделла хилар. Дикачу хIусаман нанас цхьа хьалха хааме неI туху, тIаккха чуйолу: цхьа а къаьхьа къурс а ца оьккху, котамаша шаьш дан дезаш долу хIоаш а до. Массо а кхечу дийнаташна а лаьа шаьш хьаста.

Масала, узучу хенахь, бежанна мохь хьекхахь, дов дахь, цо шура ца яла а тарло. Хьелийозархошна иза хууш ду. Цундела, етт шаьш хьалха, кIеда-мерза дешнаш а олуш, цунна тIе кIеда куьг ьоккху.

Нехан Iаьнан къинхьегам

1. ХIун до Iай колхозхоша аренашкахь? ХIунда кхоьхьу аренашка кхелли? ХIунда ду аренашкахь ло сацор Iаламат лараме гIуллакх?

2. Муьлха белхаш кхочушбо Iай гIалин урамашкахь? ХIунда доккху урамашкара ло дIа, хIунда юхку гIум?

3. ХIун до Iай хасстоьмаш Iалашдойлахь?

4. ХIун до Iай механически мастерскешкахь? Iай хIунда йо юьртабахаман машинашна ремонт?

5. Дагалаца, Iаьнан муьлха къинхьегам бозабелла бу кIерачу дийнатийн дахарца.

6. Дийца нехан Iаьнан къинхьегамехь айхьа бинчу тIамех лаций.

7. Iаьнан муьлха белхаш кхочушбина ахь? Дийца, иза муха кхочушбира ахь. ХIунда бан безара и болх Iай?

Аренаш Iа тIекхочуш яссаелла. Амма Iай а кхузахь белхаш ца совцу. Аренаш кечйо бIаьстенан ялта ден: кхуза маха кхелли кхоьхьу, ло сацоран белхаш бо. Iай аренаш-





кахь ло сацор доккха маьІна долуш гІуллакх ду, хІунда аьлча бІаьста лаьттаца дуккха а тІуналла хир ю, тІаккха ораматаш дика кхуьур ю. Ло сацорхьама аренашка хІиттадо зІараш я лерринчу лоохучуьнца кІоргга хершнаш дохуьйту. Хьайн тидамашкахь хьуна гучудаьлла дукха ло ІаьІа тайп-тайпана дуьхьалонаш йолчохь. Аренашкарчу лайна и санна йолу дуьхьалонаш ю зІарашший, хершнашший.

БІаьстенна кечйо тайп-тайпана машинаш: тракторш, хІутосургаш, культиваторш, нахарш, мекханаш. Механически мастерскешкахь уьш леррина толлу, ремонт йо. БІаьста хІу дІаден долош массо а машина дика кечйина хила еза.

Дуккха а белхаш бу ялта Іалашдойлашкаххьий, хасстоьмаш Іалашбойлашкаххьий. Лерринчу приборийн гІоьнца тидам латтабо ялта Іалашдойлахь екъа хилийтарна тІехь а, гуттара а цхьабосса температура хилийтарна тІехь а. Ялтийн хІу дахка ца далийтархьама, сих-сиха вовшахъэдо. Ялтин ораматийн хІу бІаьста дика хьаладер ду, нагахь санна Іай иза дика Іалашдинехь. Хасстоьмийн Іалашбойлашкара хасстоьмаш шайн рожехь кегабо. Бахкабелла я бахкабала болабелла хасстом дІакъастабо хІумма а хилаза болчарах.

Стоьмийн бошмашкара дитташна гонахьара ло датадо, лайн кІелхула диттийн гІодмашна тІе дехкий цакхачийтар Іалашо йолуш а, цаьрга гІодмийн кевстигаш ца яхийта а. ЧІоггІа шело хІоьттича, ораматашна гонаха лайн барз бо.

Іай ло дІадаккхарца бозабелла нехан дуккха а белхаш бу. ГІалийн а, яртийн а урамашкахь лайно новкъарло йо машинаш леларна а, гІашлошна а. Кест-кеста урамашка а, тротуарашка а гІум юхку, лелаш йолу машинаш а, буьйлабелла лела гІашлой а шерша ца шершийта. Лайх цІандо цІерпоштан некъаш а, трамвайн некъаш а.

Кху тІаьххьарчу хенахь, паркашкаххьий, скверашкахьий Іай дитташ догІар дІадолийна. Оцу хенахь дийгІина дитташ дика денло.

Айхьа хьо талла.

1. БІаьста ялта дІадерна муха кечам бо наха? 2. Стенна оьшу яренашкахь ло сацор? 3. ХІунда дІадоккху гІаланашкаххьий, ярташкаххьий новкъара ло?



Іай колхозерчуй, совхозерчуй наха бІаьстенан ялта дІадерна кечам бо: удобренеш дІакхоьхьу, юьртабахаман машинашна ремонташ йо, яренашкахь ло сацадо. ГІаланийн, яртийн урамашкарий, цІерпоштан некъашкарий ло дІадоккху. хІунда аьлча цо транспортана а, гІашлошна а новкъарло йо.

ТІедахкарш.

1. Дагалаца, муха Іалашйора наха шайн могушалла. Ойла е, Іай муха садаІаро чІагІйо стеган могушалла. 2. «Тидамийн дневникан» 28-чу агІон тІерачу 16-чу тІедилларх доьзна тидамаш лелон безар диц ма де. Тидамаш таблицашка дІаязбе.





Iай наха чуберзабо ораматийн хьекъам. Къамел ду цIеяханчу наркех. Наркаш — витаминийн хазна ю. Уьш кхуьу гурахь. Наркаш гулъян наха хIинца а машинаш ца кхоьллина, ткъа куьйга уьш гулъян Iаламат хала а, ка ца долуш а ду. Цундела нах Iемина уьш Iай гулъян. Уьш гулйо, дика гIора а йойтий, цIехо-можа басе бирзина шан буьртигаш санна хиллачул тIаьхьа. ТIаккха коьллашна кIел йоккха шаршу а яржайой, меллаша гIодмаш дегадо. ЦIехо-можа бос болу наркаш охьаоьгу. Дуьсуш дерг, уьш схьа а лахьийна, тускар чу я ведар чу яхкар ду.

Могушалла Iалашъяр а, чIагIъяр а

1. Дагалаца, Iа тIекхачарца дозаделла хIун хийцамаш хилла садоцчу Iаламехь. Юста классан юкъарчу календараца гуьйренан а, Iаьнан а беттанийн хIаваан температурий, йочанашший. Коьрта хIун башхалла ю Iаьнан женан хIоттаман аьхкенан хенан хIоттамца юьстича?

2. ДIаеша цкъа хьалха учебникан 17-гIа а, 45-гIа а агIонаш, тIаккха 52-гIа агIо. Дуста берийн аьхкенан а, Iаьнан а духар. Хьан тидамашца муха хийцаделла нехан духар Iа тIекхачарца дозаделла? Женан хIоттаман хийцабалархь доьзна дуй адамийн духар хийцадалар? Башхаллих кхетаде. ХIун маьIна ду могушалла Iалашъярехь Iай йовхачу бедаран?

3. Хьуна хууш ду догIмаш дахчийна адамаш, шелонан цамгар бахьана долуш, кIезиг цомгуш хуьлуш хилар. АгIонаш тIерачу суьрташка хьажа. Iай муха чIагIъян йиш ю могушалла? Лыжешший, конькешший хехка воьдуш, волалуш, муьлха духар дуьйхина хилча нийса хир ду? Кхетаде башхаллих.

4. ХIун до ахь Iай хьайн организм чIагIъярхьама? Дагахь латтаде, араволучу женахь, тIера бедар екъа хила езар. Цундела, волавелла лелар чекхдаьллачул тIаьхьа, бедар якъо еза.





Ларлуш хилалахь Іай ша тІе волуш! Йоелча хенахь, ша тІе ма вала. Ло тІехь долчу ша тІе валар кхераме ду, хІунда аьлча лайн кІелхьара ша буткъа хила тарло. Ца еззачу меттехь ша тІе ма вала.

5. Диц ма де Іуьйранна зарядка ян а, дегІах тІеда гата хьакха а. Кхочушъе дийнан раж. ХІун гІо до хьуна цо дешар тІехь?

Кхин цкъа а суьрташка хьажа. Юста чІерийлецархойн, лыжашхойн, конькеш хоьхкучеран бедарш.

Айхьа хьо талла.

1. Муьлха бедарш лелайо Іай наха? Кхетаде, хІунда лелайо кара уьш. 2. Муха чІагІъян еза Іай могушалла?







Іаьнан шело тІекхачарца дозаделла нах гурахьчул а йовха бедарш лело буьйлабалар. Іай могушалла чІагІъяр кхидІа а дІадахьа деза. Цунна гІо до хІаваэхь ловзарой, конькеш а, лыжаш а, салазаш а хеккарой.

ТІедахкарш.

1. Диц ма де олхазаршна яахІума таса. 2. «Тидамийн дневника» тІехь «Іа» темина долу тІедахкарш кхочушдар чекхдаккха. Дагалаца Іаьнан Іаламан дахарехь хилла муьлхха а цхьа самукъане хилам. Цунах лаьцна классехь дийца кечам бе. 3. Февраль баттахь бинчу тидамийн жамІ де.

Хиъча пайде ду.

Іай шийлачу хенахь бахьо тарло мара, беснеш, лергаш, куьйгийн а, когийн а пІелгаш. Дахьийна дегІан чкъор кІайло. Нагахь санна хьайн цхьа хІума яхьийна аьлла хетахь, сихха хІусам чу гІо. Яхьийначу метте цІийяллалц цІена декъа куьг я кІеда кІади хьакха. Цкъа а дегІан чкъурана ло ма хьакха. Дахьийна куьйган, коган пІелгаш мелачу хи чу дахка я кІеж еттачу хина кІел лаца. Хинан температура герггарчу хьесапехь +37° хила еза. Довха чай мала. Нагахь санна яхьийнчу меттехь ахкаргаш хІиттинехь, дегІан чкъурана тІе хІума хьакха мегар дац. Цунна тІе йовха хІума а йиллий, сихха лоьрана тІе гІо.

Тема карлаяккхарна хаттаршший, тІедахкаршший

1. Март беттан Іаьнна юкъадогІучу декъан жамІ де. Дагарде, маса де хилира Іай сирла-къегина, кхоьлина, хийцалуш мархаш а йолуш, ло догІуш, мох болуш. Билгалъяккха хІокху Іаьнан уггаре а лахарий, уггаре а лакхарий хІаваан температура. Мох кест-кеста хьоькхурий? Мичахь дукха гуллора ло: шерачу арахь я боьранашкахь, цІенойн, диттийн, кертийн уллохь? Кхетаде, хІунда нисло иза иштта.

2. «Тидамийн дневникан» 6-гІа агІон цІерачу дийнан дохаллах лаьцна хилларачу хьайн тидамийн дІаяздаршка хьажа. Іаьнан муьлхачу баттахь дара уггаре а доца денош? Муьлхачу баттахь — уггаре а деха? Іаьнан дохаллехь муха хийцало денойн дохалла?

3. Іай садоцчу Іаламан кхин муьлхачу хиламийн тидам бина ахь?


4. Іаьнан беттанийн хенан хІоттам новшашца буста. Муьлхачу баттахь хилира уггаре а чІогІа шело? Муьлхачу баттахь йоелира? Муьлхачу баттахь дара кноьлина, ло догІушший, дарц долушший, мох болушший денош?

5. Іа муха даьккхира гІа долчу а, цІохцалгийн а дитташший, коьллашший, бецан ораматашший? Стенах дозаделла ду Іай ораматийн и хьал хилар?

6. Берриге а и хийцамаш Іаламехь хуьлучу кхечу хийцамашца бозабелла буй? Іай олхазарийн дахарх лаьцна хІун хилира хьуна? Іаьнна муьлха олхазарш даьккина шу долчу метте? Муьлхачу баттахь дуьххьара гира хьуна уьш? Муха хийцаделла цІерачу дийнатийн а, акхаройн а дахар?

7. Дийца нехан Іаьнан къинхьегамах лаций. Масалшкахь гайта нехан къинхьегам Іаьнан хенан хІоттам а, Іаьнан хийцамаш бахьана долуш ораматийн а, дийнатийн а дахарх бозуш а хилар.

8. Муха лардо наха Іалам Іай? Ахь вайхьа муха лардо Іалам?









9. Хьайн тидамех а, учебникан материалах а пайда а оьцуш, дийца Іаламехь Іай хуьлуш долчух лаций. Схьайийца Іаьнан коьрта билгалонаш.

10. Іай муха Іалашъян еза шен могушалла? Стенах дозаделла ду и гІуллакхаш?


11. Муха чІагІйо ахь хьайн могушалла.

ТІедахкарш.

1. ХІора дийнахь хенан хІоттаман тидамбар кхидІа а дІахьо. 2. Кхочушде «Тидамийн дневникан» 40-чу агІон тІера 27-гІа тІедилларрий, 32-чу агІон тІера 3-гІа тІедилларрий. 3. Дагаяхкийта аьхкенан, гуьйренан, Іаьнан Іаламан билгалонаш.



Іаьнан билгалонаш: шело, кест-кеста гуттур чІогІа шело. Ло догІу. Хишна ша бина, лаьттан чкъор гІорийна. ГІа долчу ораматаша Іа гІаш доцуш доккху, дукхах долчу баганан дитташа а шайн гІашца доккху. Акхароша ерриге а бохург санна хан яахІума лоьхуш йоккху.







Марша я хьо бІаьсте!

1. 90-чу агІон тІерачу суьрташка хьажа. Шеран муьлха хан ю царна тІехь гойтург? ХІунда бира ахь и сацам? И суьрташ 52-чу агІон тІерачу суьрташца дуста. Муха хийцаделла хи? Муха ю стигал? ХІун хилла лайх? ХІунда?

2. Муьлхачу меттигашкахь хааелла хьуна Іоралла? БІаьста малх хьоьжучу агІорхьара цІенойн тхевнашкахь кест-кеста кхозаргаш гучуйовлу. Ойла е, оцу хенахь хІунда юьйлу уьш гуча. Кхушара бІаьста тидам хиллий хьан шеран?

3. БІаьста садоцчу Іаламан муьлхачу билгалонийн тидам бина ахь айхьа? Муха хийцаделла ло бІаьсте тІеярца? ХІун хилла дешначу лайх даьллачу хих? Муха хийцаделла латта бІаьсте тІеярца?









4. Суьрта тІе а хьоьжуш, дийца, Іаьнан хенаца дуьстича, муха хийцаделла берийн бІаьстенан духар? Муха хийцаделла нехан духар хьан тидамашца бІаьста?

Классан юкъарчу календара тІерачу дІаяздаршца юста бІаьстенан а, Іаьнан а хІаваан температура. Муха хийцаелла хІаваан температура бІаьсте тІеярца? Кхетаде, хІунда буьйлабелла нах дайн духар духа. ХІунда дешна ло? Стенах дозаделла ду лаьттан чкъуран а, хин а хийцадалар?

5. Муьлха йочанаш хуьлу бІаьста? Ло догІучу хенахь, муьлха температура яра хІаваан? ДогІа догІучу хенахь муьлха температура яра хІаваан? ХІунда догІу бІаьста лайла кеста-кеста догІа?

6. 91-гІа а, 92-гІа а агІонаш тІерачу суьрташка хьажа. Цхьана суьрта тІехь гайтина комол (ша меттахбалар), вукхунна тІехь — хи дестар. ХІун башхалла ю комолний, хи



дестарний юккъехь? Дийца бІаьста хиш тІехь хуьлучу хийцамашкахь айхьа бинчу тидамех лаций. Стенах бозуш ду уьш? Муха лела веза хиш долчохь бІаьста?

Садоцчу Іаламехь бІаьсте схьакхачаран уггаре а хаа-луш йолу билгало ю ло дашар. Цкъа хьалха ло даша до-лало дитташний, гІишлошний юххера, тІаккха — аренаш-карий, кхечу шерачу меттигашкарий. ТІаьхьо деша хьуьн-хара ло.

БІаьстенан йовхоно хи тІера ша баша болабо. Цкъа хьалха хиш тІерачу шано бос хуьйцу, тІаккха ша лелха а болалой, бекъало. Іаьмнаш чохь ша тийна лела, ткъа хиш чохь, чехка, вовшех а бетталуш, тІеттІа буьйлуш, охьаоьху. Иза комол ю. Бешначу шаной, лайной хи сов а доккхий, бердашкара арадолуьйту. ТІаккха хино дІахьулдо дуккха а латта, бердашкахь кхуьу дитташший, коьллашший. ДІа-долало хи дестар. Хи дистинчу муьрехь дуккха а акхарош-ша бохамаш хуьлу. Наха гІо до царна. Кест-кеста хинкема-нашца а, бурамца а наха кхерамза меттигашка йоху уьш.

БІаьсте ях мел ло, арахь йохъяла йолало. ГІура яша а ший, дохло лаьттан чкъор. ТІаккха дуьххьара стигал къе-къа йолало, догІа догІу. Тидам бе оцу тамашеначу хила-ман. ДогІа догІуш, стигал къекъачу хенахьлерчу Іаламан хьолан тидамбар дІахьо.

БІаьста а шен могушаллин гІайгІабар дІадахьа деза: кест-кеста цІенчу хІаваэхь хила веза, физически болх бан беза. БІаьста къаьсттана терго еш хила веза бедарийн а, мачийн а. Уьш гуттара а екъа лело еза. БІаьста Іаламат чІогІа кхераме ду хишна тІерачу ша тІе валар, хІунда аьлча бІаьстенан ша ледара, атта каглуш хуьлу. Стаг, ша иккхинчу метте а нисвелла, хи чу ваха тарло. Хаьддачу шан тархан тІехь стаг вуьсуш меттигаш а нисло. И стаг хино бердана гена ваккха тарло. Цунде-ла хьо а ма вала, я кхиберш а ма бовлийта ша тІе.

Айхьа хьо талла.

1. Муха хийцаелла хIаваан температура бIаьсте тIеярца? 2. ХIун хилла лайх? 3. Муха хийцало бIаьсте тIеярца хиш?



БIаьсте тIекхачарца Iай хиллачул а йовха хила йолаелла. БIаьстенан йовхоно ло дашийна, хиш охьаида дуьйладелла татолашка, Iаьмнашка. Лаьттан чкъор дастаделла. БIаьста кесткеста догIанаш оьху. Цкъацкъа-м ло а догIу, амма иза сихха деша. Хиш шах паргIатдовлу. Дуьххьарлера йочанаш дIайолало.

ТIедахкаршший, хаттаррий.

1. Март беттан бIаьстенна юкъадогIучу декъан жамI де. 2. Дагалаца, Iаламан муьлхачу хиламийн тидам бира ахь Iай экскурсехь. Муха бара уьш? 3. Экскурсина кечам бе: дIадеша тидамаш бан оьшу тIедахкарш. 94—99-чуй агIонаш тIерачу суьрташка хьажа. Царна тIехь гайтинарш шадерраш а хьуна Iаламехь хьайна гур ду. Карлаяха Iаламехь леларан бакъонаш (хьажа: хьалхарчу а, тIехьарчу а мужалте). 4. КхидIа а дIахьо «Тидамийн дневникан» 40-чу агIон тIера 27-гIа тIедиллар кхочушдар.

Хиъча пайде ду.

Цкъацкъа догIа догIучу хенахь, стагана тIе вон дан тарло. Иштташу меттехь ша-шен ларвархьама, цхьацца гIуллакхаш кхочушдан деза. ДогIанах дIалачкъа мегар дац ша лаьттачу диттана кIел, рагIуна, гIишлонна кIел, латта мегар дац бIогIамашна уллохь, айаеллачу меттехь, хинкемана тIехь, схьайиллинчу пляжехь, ирзу тIехь, спортивни майданахь. Кхераме ду металлически хIумнашна, масала, турбанашний, керташний уллохь хилар; догIа догIуш велосипед хехка мегар дац. ЦIено чохь пешаний, корашний гено хила веза, тхов тIе вала мегар дац. ДогIа догIучу хенахь, муьлххачу а гIишлойн кораш дIакъевлина хила деза. Къаьсттана кхераме ду дуьхьал лаьттачу агIонгахьара кораш дIадиллина хилар.

БІаьстенан экскурси



Экскурсехь хаа хьажа.

1. Муха бу таханлера хенан хІоттам? Муха ю стигал? Муха хьоьжу малх? И тидамаш Іай экскурсехь хьайна гинчуьнца буста.

2. Нагахь санна ло хІинца а дешна далаза делахь, хьажа, мичахь Іуьллу иза. ХІунда? Дуста иза Іаьнан лайца. ХІун башхалла ю?

3. Геннара хьажа хьуьне (парке, скверс). Хийцаеллий иза Іаьнан хенаца юьстича?

4. Схьалаха багананний, гІа долий дитташ. Терго е, муха хийцаделла уьш Іаьнан заманца дуьстича.

5. ГІа долчу диттийн а, коьллийн а масех патаре хьажа. Муха хийцаделла уьш Іай хьуна гинчуьнца дуьстича? Массо а диттана а, коьллана а тІера цхьабосса хийцаделлий уьш?

6. Хьажа доке, моане. Дока тІехь хьуна гур ю дато хІумнаш, ткъа моана тІехь — хьалкханаш. Уьш церан зазаш ду. Тидам бе оцу хенахь гІаш хецний цара.

7. Бецан ораматашка хьажа. Уьш муха хийцаелла бІаьсте тІеярца? Караде мать-и-мачеха. Заза хоьцучу мать-и-мачехан гІаш дуй? Терго е, муха йохйо малхо мать-и-махеча кхуьу меттиг. Екъа ю я тІуьна ю кхузахь?

8. Олхазарийн тидам бе. Схьакхаьчний бовхачу махка Іа даккха даханчу олхазарех цхьана а тайпана дерш? ХІун деш ду олхазарш? Терго е цхьадолчу олхазарша шайн зІакарца екъа буц, бамбанаш, месаш йохьуш хиларан. Ойла е, олхазарша стенна лахьайо уьш.



Дакано заза доккху



Мать-и-мачеха



Полла

9. Хьажа заза доккхучу ораматашкий, малхо йохйинчу хІумнашкий. Царна тІехь сагалматаш ган тарлой хьуна?

10. Нагахь санна кхин дийнаташ хьайна гахь, тидам бе, муьлха хийцамаш хилла церан дахарехь. Іай ца хилла муьлха дийнаташ гучудевлла?

Тидам бечу хенахь, диц ма де Іаламехь леларан бакъонаш кхочушъян езаш хилар.

ТІедахкаршший, хаттаррий.

1. ДІаязбе экскурсехь хьайн хилла тидамаш «Тидамийн дневникана» тІе. 2. Дитташ кхединчул тІаьхьа, айхьа гулдина гаьннаш хи чу хІиттаде. Тидам белахь царна хиндолчун. 3. «Тидамийн дневника» тІехь ораматех хьайн хиллачу тергалдаран дІаяздаршка хьажа. Ораматийн дахарехь муьлха хийцамаш хилла бевлла?

Ораматаш бІаьста

1. Суьрта тІерачу ораматашка хьажа. ДІаеша церан цІераш. Оцу ораматех олу **хьалххе зазадоккхурш.** Бецан хьалххе заза доккхучу ораматийн кхин цІе а ю — лайн **зезагаш.** Кхетаде оцу цІарах.

2. Муьлха зазадоккху ораматаш гира хьуна экскур-



сехь? Уьш муьлхачу меттехь кхуьу (хьуьнхахь, аренгахь)? Муха йохйо малхо и меттиг? Оцу хенахь дитташий, коьллаший гIа даькхиний? Ло массанхьа а дешний?

3. Суьрта тIерачу лайн зезагийн лаьттан бухарчу дакъошка хьажа. Тидам тIебахийта ораматийн и дакъош стамделла хиларна. Цаьргахь гулло хьоналлин хIуманаш. Дитташкаххьий, коьллашкаххьий хьоналлин хIуманаш гулло церан гIодмашкахь а. Оцу тIаьхьалонах пайдаоьцу бIаьстенан юьххьехь зазадоккхучу ораматаша. Цул совнаха, ахь тидам бина хир бу хьалххе зазадоккху ораматаш малхо дика йохъечу меттигашкахь кхуьуш хиларан. Оцу хенахь хьуьнхахь а дохло лаьттан чкъор. Иштта хьо тешна оцу хенахь лаьттан чкъор тIуьна хиларх а. Делахь хIета, хIун оьшу хьалххе зазадоккхучу ораматашна бIаьстенан юьххьехь заза хеца?

4. БIаьстенан юьххьехь зазадоккхучу лайн зезагаша шайн хазаллица вайн бIаьрг хьосту. Iаламехь царах вокхаве Iама, цкъа а хеда а ма е, цеста а ма цеста уьш.



Докхо зазадоккху.

Хедийна ораматаш сихха хІаллакьхуьлу. Вайн махкахь ларйо хьалххе зазадоккху ораматаш, ткъа царах цхьаерш-м СССР-н ЦІечу книгина юкъаяийтина а ю.

5. 98-гІа а, 99-гІа а агІонаш тІерачу суьрташка хьажа. Дуста гІа долчу а, баганан а диттийн а, коьллийн а бІаьстенан гаьннаш 62-чу агІон тІерачу суьрташкахь гайтинчу Іаьнан гаьннашца. ХІун кхоллаелла патарийн метта диттийн гаьннашна тІехь? Хьан тидамашца бІаьсте тІекхачарца дозаделла муха хийцаделла гІа долу а, баганан а дитташший, коьллашший? Цхьатерра хийцаделлий гІа долу ораматаш?

Іаламехь бІаьстенан уггаре а коьрта хийцам бу — дитташний, коьллашний тІехь гІа хецар. Тайп-тайпанчу ораматашкахь гІа даккхар ца нисло цхьана хеннаххьий, цхьабоссий. Хьехан гІа патарера гучудолу хеба а хебаш, царна тІехь цхьана юкъана Іалашло сирла-цІен патаран пелагаш. Мохан гучудолу гІа ду боьмаша, къаххан — можий, хебний. Дуьххьара заза хоьцу доко, мохо тІаккха — докхо. Массарал а тІаьхьа сийна гІаш тосу хьехо.

ГІа хоьцуш оьшуш хуьлу дуккха а хьоналлин хІуманаш. И хьоналла патаршна тІекхочу орамера гІодмашца. Цкъацкъа оцу хенахь, наха дитташна тІехь (къохкан, докхан) киртигаш а йохий, мутт гулдо, иза гулдина бевлча, дитташна йина чевнаш гуш а юьтуш. Цул тІаьхьа дукхахьолахь дитт хІаллакьхуьлу. Нагахь санна бІаьстенан юьххьехь цхьамма диттана йинчу чевнехула охьаоьхуш мутт хьайна хаалахь, поппар я пласталин а хьакхий, дІакъовла.

Дагахь латтаде: диттийн мутт гулдан мегар дац. Вайн



Зез бІаьста



Къахко зазадоккху



Іожо зазадоккху



Прострел (набар-буц)

махкахь и мутт гулдо леррина билгалбаьхначу наха хьакха къастийнчу хьаннашкахь.

Дагалаца, дитташний, коьллашний тІехь хІинца бан а бац стохкалера стоьмашший, хІушший. ХІун хилла царна? Диттийн гонахьарчу лаьттан чкъуран тидам бича, хьуна ган тарло лаьтта охьаэгначу хІух гучуевлла керла ораматаш. Къаьсттана иза хаало къохкан дитт долчохь. Май баттахь къарзбо зазадоккхучу ораматаша байш, хьуьнан ирзуш, стоьмийн бошмаш. Майх эрна олуш ма дац уггаре а зазадоккху бутт олий.

Айхьа хьо талла.

1. Муьлхачу ораматех олу лайн зезагаш? 2. Муьлхачу дитташший, коьллашший доккху бІаьстенан юьххьехь заза? 3. ХІун хуьлу бІаьста патаршна.



БІаьстенан юьххьехь зазадоккху лайн зезагаша, ишта цхьадолчу дитташ, коьллаш. Оцу муьрехь дитташний, коьллашний тІера гІаш гучудовлаза хуьлу, амма патарш дистина, дІадоладелла церан муттанан дІасалелар. Дукха хан ялале, патаршкахь гучудолу къона гІаш, лаьттан чкъор дІакъовлу сийначу бацо. Цул тІаьхьа дуккхаъчу ораматаша зазадоккху.

ТІедахкарш.

1. КхидІа а дІахьо диттийн а, коьллийн а тидамбар. 2. Дагалаца, муха даьккхира Іа олхазарш, сагалматаш. 3. Сагалматашний, олхазаршний тІехь хьайн хиллачу тидамийн дІаяздаршка хьажа. ХІун хийцамаш хилла оцу дийнатийн дахарехь бІаьста? КхидІа а дІахьо царна тІехь тидам латтор. 4. Карладаккха, муха лардан деза олхазарш, сагалматаш (хьажа: 27, 28, 31 агІонаш тІе а, учебникан мужалте а). ХІун дан деза, нагахь санна хьайна хІоаш чохь долуш бен гахь а, бена тІехь олхазар гахь а?

Тидамца талла.

Вай доьлла массо а хенахь ораматийн зазашш, церан зазадаккхарий цхьабосса хуьлу моттарх: я цІен, я сийна, я можа, я кІайн. Ткъа медуницо ша зазадоккхуш шен духаран бос кхузза хуьйцу. Юькъачу базанна кІелахь цхьайолчу меттигашкахь ло Іуьллу, ткъа медуницо даржийна шен къеггина-цІен заза. Жимма хан яьлча, иза сирла-сийначу басе доьрзур ду, тІаккха сийначу басе.

Сагалматашш, олхазаршш бІаьста

1. ХІун хийцамаш хилла сагалматийн дахарехь бІаьста? ХІунда? Дийца сагалматашна тІехь хьайн хиллачу тидамех лаций.

2. 30-чу агІон тІерачу суьрташка хьажа. Муьлха олхазарш ду цу тІехь дерш? И олхазарш вай долчу бІаьста


схьадогІу. Дагалаца муьлхарниг ю церан юкъара цІе. Юха а хьажа суьрташка, дуста уьш 69-чу агІон тІерачу суьрташца. ХІун башхалла ю бІаьста олхазарийн дахаран, гуьйренан а, Іаьнан а дахарца дуьстича?

3. Олхазарийн леларан айхьа бинчу тидамех лаций дийца. Буста уьш, учебника тІера хьайна хиъначуьнца.

4. Дагалаца, хІун юу олхазарша. Иштта дагалаца, бІаьста муьлха хийцамаш хилла ораматийн а, сагалматийн а дахарехь. Ойла е хІинца, бІаьста хІунда догІу олхазарш вайн махка юха.

5. БІаьста хІун гІайгІа бо наха олхазарийн? БІаьста хІунда Іалашдан деза олхазарш?

Бовхачу мехкашкара вай долчу бІаьста юхадогІу дІаоьху олхазарш. Вай долчохь царна юха а карайо яхІума: гучуевлла сагалматаш, ткъа лайно паргІатдитинчу лаьттахь ду дуккха а хІуш. Уггар хьалха схьайогІу човканаш. Билгалдаьлла хІума ду човкарчий схьакхачарца йолало вайн махкахь бІаьсте яла. Іуьйранна сарралц човкарчийн бенашкахь лаьтта гІар-гІовгІа. Амма малх дІабуьзначул тІаьхьа, човкарчийн бенашкахь тийналла хІутту. Бенашкара дІа а йовлий, хьуьнах буьйса яккха дІайоьлху уьш. Човкарчашна тІаьххье схьакхочу алкханчаш, цул тІаьхьа — нІаьвлаш. Кхечарел тІаьхьа, сагалматаш гучуйовлучу хенахь, схьайогІу хІуттуташ, чІегІардигаш, лечкъардигаш. Тидамашкахь гучудаьлла дуккхаъчу олхазарийн схьадахкар нисло Іаламехь хуьлуш болчу кхечу хийцамашца.



Коскус-хьозанаш схьадогІу хиш дестале хьалха. Халкъалахь олуш ду, коскус-хьозано шен цІоганца ша кагбо олий.

БІаьста хи дистинчу хенахь, схьайогІу бедаш, гІезаш, чІерийлоьцургаш. Зарзарш схьадогІу ярезазо заз даккхале.



Амма бIаьста, хьуна иза хааделла махиллара, хенан хIоттам кест-кеста хийцало. Дикка довха денош лаьттинчул тIаьхьа, цIеххьана шело а хIуттий, ло догIу. Иза дIа ца долуш масех дийнахь лаьтта. Цу деношкахь чIогIа мацалла хIутту олхазаршка, хIунда аьлча лайно гучуьра дIадоху ораматийн хIуш, юха а шелонах дIаловчкъу сагалматаш. Цу хенахь дукха олхазарш хIаллакьхуьлу. Цундела бIаьста иштта шело хIоьттича а, олхазарш кхаба деза.

Дукхах долчу олхазарша бIаьста бенаш до. Бакъду, бен олхазаршна цIа хуьлий дIа ца хIутту. Иза бо тевна хаа а, кIорнеш кхаба а. Олхазаршна дIаловчкъийла хуьлий лаьтта къуххий, кондаршший. Бенаш ца до хIуттуташа а, иштта Къилбаседанан йистан цхьадолчу олхазарша а, масала кайранаша. Олхазарша шайна бенаш бо лаьттахь, гаьннаш тIехь я диттийн харанашкахь, тхевнашна кIелахь. Алкханчаш дукхахьолахь наха шайна динчу бенаш чу ховшу. Оцу олхазарша дуу дуккха а зулам-сагалматаш. Цундела наха алкханчаш схьаяхкале, стоьмийн а, паркашкарчу а дитташ тIе дIаухку шаьш бина бенаш. Бен цкъа хьалха гIожа тIе туху, тIаккха гIаж чIоггIа диттах дIайоьхку. Бен, диттах хьостам а тухуш, дIакъовла мегар дац, хIунда аьлча диттана зен дан тарло. Олхазарша шайн баннашкахь хIоаш до. ХIуттуто хIоаш кхечу олхазарийн баннашкахь до, ткъа кайрас — тIулгаш тIехь.

Нагахь санна хьо ларамаза а олхазарийн бена тIе кхачахь, сихха юхавала. Бена уллохь стаг гучуваьлча, цу чуьра олхазар ирхдолий дIа а доьду, и стаг дIаваххалц юха а ца догIу. Нагахь санна хьо бена уллохь дукха латтахь, хIоаш чуьра кIорнеш хIаллакьхиларна кхераме ду. Къаьсттана кхераме ду хIоаш куьйга схьаэцар, хIунда аьлча олхазар цул тIаьхьа бена ца дан а тарло.

Цхьадолчу олхазарша бIаьста доху кIорнеш. Уьш дузорхьама олхазарийн дуккха а яахIума лаха еза. Къаьсттана оцу муьрехь цара дукха а хIаллакйо зуламе-сагалматаш. Масала, цIирцIирхьоза дийнахь сарралц яахIуманца бена догIу 300—400-зза.



Алкханч.

Айхьа хьо талла.

1. ХIун хийцамаш хуьлу олхазарийн дахарехь бIаьста? 2. Муха Iалашдан деза бIаьста олхазарш? 3. ХIунда дан деза иза?



ХIуттут

Самукъане ду,

хьаргIано бен муха бо хьажар. Ирхйолий дитта тIе, дукхахьолахь акхтарга тIе, йогIу хьаргIа. ЗIакарца генан йоьххьера схьа а лоций, цунах кхозало иза. Ишшта га а кагдой, иза шен бена чу дIахьо. ХьаргIано бен беш пайдаоьцу деккъа керлачу гаьннех. Лаьттахь Iохку генаш схьа ца оьцу цо. Оцу олхазарийн бенаш чорда, аьхна доцуш санна хетало. Амма хьаргIано бена чу кIеда хIума тосу. Ган тарло цара зIакарца кота ман месашший, тIаргIий кхоьхьуш. Кест-кеста оцу муьрехь уьш ган тарло бежнийн баккъаш тIера зIакарца, шайн бена чу дахка, чоьш дохуш йохкуш.



НIаьвла



Кайра



БІаьста бовхачу мехкашкара вай долчу юхадогІу дІадоьлху олхазарш. Олхазарша бІаьста бенаш до, цу чохь хІоаш а хуьлу. Цхьадолчара бІаьсте чекхйолуш кІорнеш доху. Цкъа а ма эца бена чуьра хІоашший, кІорнешший.

Хьан муха тІеоьцу бІаьсте

1. 74-чу а, 106-чу а агІон тІерачу суьрташка хьажа. ХІун хийцамаш хилла чен дахарехь бІаьсте тІеярца?

2. ХІун хийцам хилла цхьогалан дахарехь бІаьста?

3. ХІун хийцам хилла тарсалан а, пхьагалан а дахарехь бІаьсте тІеярца?

БІаьсте тІеярца, олхазаршна хилла ца Іаш, акхарошна а дуккха а яахІума хуьлу. Цундела дукхах долчу акхаройн къаьсттана бІаьста кхуьу кІорнеш. ЯахІума дукха мел ю атта ма ду дийнаташна уьш кхаба.

Черчий самайовлу ехха йинчу Іаьнан набарх. Шайн бенаш чуьра уьш арайовлу, чІоггІа азъелла а йолуш. Меца черчий тІелата тарло сешна. Кхераме ю уьш адамашна а. Черчашца арайовлу чайтаІаш а. Нанас кхидІа а яайо царна шура, амма цуьнца цхьаьна Іамайо шаьш сагалматаш лаха а, лаьттара орамаш даха а, стохкалера цІазамаш даа а. Самадовлу даІамаш а. БІаьстенан юьххьехь яахІума атта ца карайо даІамна а, цундела цо юу тІаьхьалонна ша йитинарг. Оцу муьрехь цо кІорнеш йо.

БІаьстенан юьххьехь гучуйовлу зуьнаш а. Іай дІайийшина Іоххучу муьрехь, уьш Іаламат чІогІа азло, цундела царна бІаьста оьшу дуккха а яахІума — тайп-тайпана са-

галматаш. Цхьайолчу сагалмато къовзор дІаьвше хуьлу адамна а. Ткъа зуьнна оцу дІаьвшо хІумма а ца до. Аттал лаьхьанан дІовш а дац зуьна кхераме. БІаьста зуьно йо 5—7 кІорни. КІорнеш цкъа хьалха бІаьрзе а, ерзина а хуьлу, амма масех сахьт даьлча, церан гучудолу кІеда, кІайхо мехий. Зуьно кІорнешна шура яайо.

Дерриге а бохург санна, кІорнеш шайн де-ненаца Іа. Бакъду пхьагалан кІорнеш йина ма-евлли, шаьш шайна юьсу миччанхьа а цхьанхьа куллана кІелахь. Нана-пхьагал, царна хІума а яайой, дІайоду. Дукха хан ялале, кІорнеш буцций, гІашший даа йолало. Ткъа хІинца муьлххачу а нана-пхьагало, шайна уьш карийча, шайн шура яайо царна. Цу кеппара, дерриге а акхаройн бохург санна, оцу муьрехь кІорнеш хуьлу. Цаьрга шаьшка шайна яахІума ца лахало. Цундела шеран оцу заманахь акхарошна таллар дихкина ду.

Массо а экха бІаьста канадолу: буькъа Іаьнан чо хийцало нилхачу чоьца, ткъа цхьайолчеран — пхьагалан, тарсалан, песцан — хийцало бос а. Пхьагалан чо юха а сира-мокха хуьлу, тарсалан — хьаьрса, ткъа песцан — сира-сийна.







БІаьста самабовлу моьлкъарчий, пхьидашший. Бакхий боцчу Іаьмнашкахь, хиш чохь пхьидаша зирх тосу. Зирх-м чІераша а тосу. Цундела бІаьста чІерий лецарна тоьхна доза ду. Ткъа цхьадолу мехалий, наггахь бен хуьлуш боцу чІарий оцу муьрехь лаца мага а ца до.

Март чекхболу, апрель болалуш самайовлу боьха хІуманаш а. Уьш малхо йохйинчу меттиге дІатекха. Дукхах йолу боьха хІуманаш — уьш пайде дийнаташ ду. Масала, лаьхьано дуу хьуьнан а, аренан а дехкий. Оцу гІуллакхо адамана боккха пайда бохьу.

Айхьа хьо талла.



1. Муьлха хийцамаш хуьлу бІаьста акхаройн дахарехь? 2. Муха хийцало моьлкъарчийн, пхьидийн, боьхачу хІуманийн дахар? 3. Муха Іалашдо бІаьста дийнаташ?

БІаьста, дуккха а Іай наб йинчул тІаьхьа самайовлу черчий, даІамаш, кхидолу дийнаташ. Царах дукхах долчара кІорнеш йо. Массо а акхарочун канадалар хуьлу. Цхьадолчеран кана долуш чонан бос а хийцало. БІаьста дерриге а акхарой къаьсттана чІогІа лардо.

ТIедахкарш.

1. КхидIа а дIахьо акхарошна тIехь тидам латтор. 2. Дагалаца, муха даькккхира Iа цIерачу дийнаташа. Кхочушде «Тидамийн дневникан» 42 агIон тIера 36-гIа тIедиллар. 3. Тидам тIебахийта, муха чIагIйо наха шайн могушалла Iай.

ХIара тамашена ду.

ДаIамой, цхьогалой шайн кIорнеш бенаш чохь йо. ДаIаман уьш 3 тIера 5 тIекхаччалц хуьлу, ткъа цхьогалан уьш хуьлу 10 сов. КIорнешна цIена меттиг Iаламат чIогIа оьший хууш санна, даIам цIоналлин масал хуьлий лаьтта. Цуьнан бена уллохь а, бена чохь а гуттар а цIена хуьлу. Бена чохь масех арадолийла ю. Цундела цу чу дика мох кхета, и бахьана долуш, бена чохь гуттара а цIена хIо хуьлу. ДаIам талла а гIур дац, цкъа хьалха шен цIока цIанъяза, цуьнан чоьш шардаза. Цхьогал, мелхо а чIогIа цIена ца лела. Бена чохь а, цунна гонаха а йоцуш хIума ца хуьлу. Бенара геннара дуьйна йогIу вон хьожа. Цкъацкъа меттиг нисло цхьогал даIамна лулахь соцуш. ДаIаме лан ца ло и лулахалла. Цундела цо шен бен буьту.

ЦIера дийнаташ бIаьста

1. 109-чу агIон тIерачу суьрте хьажа. Муха хийцаделла цIерачу дийнатийн дахар бIаьсте тIеярца? ХIунда долийна дийнаташ дежийлашка лаххка?

2. Дагадаийта, муха хийцабелира хенан хIоттам бIаьста? Муха хийцаелла ораматаш? ХIинца ойлае, бIаьстенан муьлхачу муьрехь дежийлашка лаххка мегар ду цIера дийнаташ. Цуьнца дозаделла муха хийцалур бу фермехь болх бечу нехан къинхьегам?

3. Дийца цIерачу дийнатийн дахарах айхьа бинчу тидамех лаций. Iаьнца дуьстича, хIун хийцам хаабелира хьуна бIаьста церан дахарехь?

4. Дуста акхаройн а, цIерачу дийнатийн а бIаьстенан дахар. ХIун ду церан дахарехь цхьаьнадогIург? Стенца къаьста оцу дийнатийн бIаьстенан дахар?

7 Заказ № 9876

Іаламехь айхьа бинчу тидамашкахь хьуна гучуделира бІаьстенан юьхь Іаьнах кІезиг къаьсташ хилар: гобаькхина хІинца а дуккха а ло ду, буц сен ца елла, дитташ чІанадевлла лаьтташ ду. Оцу муьрехь цІерачу дийнатийн дахар а цхьана а кепара ца къаьста церан Іай хиллачу дахарх. ЦІера дийнаташ хьалха санна шайн чудухкийлашкахь ду, ткъа наха а Іай санна Іалашдо уьш. Йохъяларе хьаьжжина, гучуйолу буц а. ТІаккха цІера дийнаташ дІалохку дежийлашка. Кхечарал хьалха, буц хьалаяларе а ца хьожуш, арадоху цІера зІакардаьхни. Лаьттара ло дІа ма делли, хиш тІера ша баша ма-бешши, зІакардаьхнина шайна яахІума карайо — стохкалера хиллабаьлла стом а, хІуш а, нІаьний а, тайп-тайпана нІаьвцицигаш а. Хин олхазаршна хи чохь карайо ораматашший, кегийра дийнаташший.

Амма хьалхарчу деношкахь дийнаташ меца хуьлу, цундела царна ферманашкахь кхин тІе а докъар ло. Хан дІаяхарца бецаш сов йолу, тІаккха, бІаьсте чекхйолуш, цІера дийнаташ Іаламехь йолчу юучу хІуманна тІе довлу.

Кхиъначу дийнаташца дежийлашка лохку къона даьхний а. Дукхахьолахь царна билгалйоккху дежийлера леррина меттиг.

Акхарой санна, цІера дийнаташ а канадолу. Хьуна гина хила тарло, оцу хенахь дийнаташ кертеххий, диттеххий хьекхалуш, кенаш а дуьтуш дІадоьлхуш. Оцу хенахь кест-



кеста ган тарло бежнашна а, говрашна а тIехь олхазарш. Цара гулбо схьаболу тIаргIа, цхьацца чоьш, уьш шайн баннашка дIа а хьо. Фермин белхалоша лерринчу ахкарца кенах цIандо бежнаш.

Хьалха санна кхобу наха жIаьлешший, цицигашший. Уьш а, кхидолу дийнаташ санна, канадовлу. Цундела Iайчул а сих-сиха лийчо а, цIандан а деза уьш.

Айхьа хьо талла.

1. ХIун хийцамаш хуьлу цIерачу дийнатийн дахарехь бIаьста? 2. ХIунда гучуяьлла бIаьста дийнаташ дежийлашка лахка таро?



БIаьста цIера дийнаташ дежийлашка лохку. Кхиъначу дийнаташца дежийлашкахь хуьлу къонанаш а. БIаьста цIера дийнаташ, акхарой санна, канадовлу. Наха кхидIа а терго йо церан.

ТIедахкарш.

1. КхидIа а дIахьо ораматийн дахарехь бIаьста хуьлучу хийцамийн тидамбар: гIа хецаран а, заза даккхаран а. 2. КхидIа а дIахьо цIерачуй, акхачуй дийнатийн тидамбар: олхазарийн схьадахкаран а, церан леларан а, пхьидийн а, моьлкъарчийн а гучубовларан а.

ХIара-м тамашена ду!

Канадолучу хенахь дукхах долу дийнаташ бен а доцуш довлу кана. Амма канадалар гезарех ца хьакхало. Нах Iемина леррина йолу пухIин гезарий кхио. Дийнаташ бIаьста канадолучу муьрехь, газанан пухI леррина йолу ехк хьакхарца схьайоккху. Иза кхочушдо шозза: канадалар долалушший, чекхдолушший. Оцу гезарийн тIаргIа Iаламат байн а, кIеда а бу, цундела цуьнан цIе а иштта ю — «газанан пухI». Газанна тIера ахкарца схьайоккху 400, ткъа цкъацкъа 500 грамм пухI. Цунах до Iаламат хазий, довхий йовлакхаш, корталеш, кофташ, кегий куьйнаш, кхийолу хIуманаш. Къаьстана хаза ю Оренбургерчу говзанчаша йина пухIанан хIуманаш. Оренбурган пIухIанан бойнаш дуьнен тIехь а цIе яхана ю.

7*

ХIух ораматаш кхиар

1. ЦIеначу кехата тIе суьрта тIехь ма-гайттара охьаяхка зIийдигаш. Тергаме хьажа цаьрга.

2. Юста зIийдигаш вовшашна юккъехь, вовшех уьш муха къаьста а хьожуш. Ораматийн дакъойн цIераш нийса яха.

3. Учебника тIерачу суьртийн а, дийначу зIийдигийн а гIоьнца дийца, муха кхуьу хIух орамат. ДIаеша текст, хIух орамат кхиарх долу хьайн хаарш учебника тIехь яздинчуьнца нийса догIий хьажа.

Нагахь санна муьлххачу а цхьана ораматан хIу, масала кхоьан, тIуьначу лаьтта охьадиллича, пхи-ялх де далале жима орам гучуболу, ша лаьтта чкъуре боьдуш болу. Жимма хан дIаер ю, тIаккха лаьттан чкъурана тIехь гучудер ду, кегий гIаш а долуш, жима гIодам. Хан мел ели гIан барам совбер бу, гIодам дахлур ду — орамат кхуьуш ю. ТIаккха орамато заздоккху хан тIекхочу. Зазадаькхинчул тIаьхьа, зазийн метта баттарчий кхоллало, ткъа



царна чохь — хIуш. Нагахь санна и хIуш гул а дина, тIедогIучу шарахь дIадийча, царах кхуьур ю керла ораматаш. Кхоьийн метта эца мегар ду горох я боб. Кхоьаш дIае 3—4 см кIоргалле, ткъа горох — 4—5 см, боб — 6—8 см.



Айхьа хьо талла.

1. Дийца, муха кхуьу хIух орамат. 2. Ораматан муьлхачу меттехь кхуьу хIуш?



ХIух орамат иштта кхуьу: хIу — зIийдиг шен орамца — масех гIа долуш зIийдиг — заза долу кхиъна орамат — стом болуш орамат.



ТIедахкарш.

1. Муьлххачу а цхьана ораматан хIуш дIаде школан кха тIе я цIерачу беша. ЧIогIа терго е церан кхиаран. Хилларг дIаязде «Тидамийн дневникан» 39-чу агIон тIе. ДIайийнарг леррина Iалашъе. ХIора дийнахь, дикахо хир ду сарахь, хи тоха, муьр-муьрехь латта самсадаккха. Нагахь санна асар далахь, дIадаккха иза. 2. Тидам бе, муьлха орамат кхиадо школан кха тIехь я хьан цIахь. ХIу тосу цуьнан, дийнна я дакъошца дIадугIу иза?

Тамашена хIума ду-кх

тайп-тайпанчу ораматийн тайп-тайпанчу барамехь хIуш кхуьуш хилар. Лерина: дIадийнчу потакан деккъа цхьана хIух цхьана аьхка эзар сов хIу кхуьуш хилар. Коьртачу декъана иштта дукха хIуш кхуьу асарийн ораматийн. Iаламат чIогIа къаьста хIуш дозаллин барамца а. Хьуна девзаш долчу докхан эзар хIу а ца хуьлу цхьа грамм а, ткъа Сейшельски пальмин цхьа хIу 15 килограммал а сов хуьлу.

Муха деба ораматаш

ХIинца хьуна хууш ду лаьтта дIадийнчу хIух керла орамат кхуьуш хилар. Цхьана орамата тIехь гуттара а кхоллало масех, цкъацкъа Iаламат дукха хIуш. Нагахь санна уьш лаьтта дIадийча, хIора хIух кхиа тарло керла орамат. Цу кеппара ораматаш **хIух деба.** ХIу дIадерца деба наьрсаш, помидораш, жIонкаш, копастанаш, ялтийн ораматаш.

Ораматаш хIу дIадерца кхиъна ца Iаш, кхечу кепара а кхуьу.

1. Цхьана суьрта тIехь вайна го традесканцин га. Ву кхунна тIехь — кхезарийн га. ХIора гаьннах кхиа тарло керла орамаш. ХIета орамат деба тарло генашца а. Керла орамат кхиорхьама, га хи чу хIотто деза я тIуьначу лаьтта, гIамарла дIадогIа деза. Дика орам тасийтархьама, га дIакъовлу ангалица я полиэтиленан тIоьрмигца.

2. Картол деба орамстоьмах я церан дакъойх. Картол хадо еза, хIора декъехь цхьаъ я масех гуьзалг а юьтуш.


3. КIудалгийн йистера генаш дукхахьолахь охьасеттина хуьлу. Охьасеттина га лаьттах кхеттачу меттехь, орам а тосий, керла орамат кхуьу. Нахана цхьана кIудалгийн метта коьллах керла орамат кхио лаахь, цара леррина охьасеттина га лаьтта таIадо. Иштта цхьайолу ораматаш кхиайо **дIасадаханчу генийн** гIоьнца а.

4. Суьрта тIехь хьуна го, муха кхиабо хох. Иза дIабоь дийнначу хохийн цIоьмалгашца. Шен-шен **цергашца деба** иштта саьрамсекх, алцIензIамаш, нарциссаш.





Картолан орамстом





КIудалг,
дIасадаханчу
генашца

5. Пхьагал-цIазаман коьллех кхуьу дехха гIодам. Царах хутал олу. И хуталш лаьтта тIе кхочуучохь, пхьагал-цIазаман керла орамат кхоллало. Пхьагал-цIазаман керла орамат дебо лаахь, хутал лаьтта тIе таIайо. ХIета цхьайолу ораматаш деба хуталийн гIоьнца а.

6. Суьрта тIехь гайтина, муха дIасаяьржина цIен комар. Цуьнан керла орамат кхуьу ораман гIоьнца. Нагахь санна цIен комар кхечу метте йогIа лаахь, керла орамат дIакъастайо ораман кегийчу дакъошца. Иштта дебо тарло наркаш а.

Нахана хьалххе дуьйна хиъна дукхах долу культурни ораматаш, хIушца а ца кхиош, цхьацца дакъошца де-







бор пайде а, бегIийла йолуш а хилар. Ларамаза а ма дац хIух ца кхиаяр кхезарш, кIудалгаш, картолаш, саьрамсекхаш, дуккха а чохь латто ораматаш а. Нагахь санна стоьмийн бешан цIазамаш хуталгашца дIабийча, тIедогIучу шарахь царна тIехь цIазамаш кхуьу.

Айхьа хьо талла.

1. Ораматаш дебаран кепаш йийца. 2. ХIора кепах лаций дийца. 3. ХIунда дебайо ораматаш?



Ораматаш дебайо гаьннашца, орамстоьмашца, ораматийн цергашца, дIасадаханчу генашца, хуталшца, орамийн дакъошца, хIушца.







ТIедахкарш.

1. Шайн чохь дIаде муьлхха а чохь латточу ораматан цхьа га. 2. Нагахь санна шун цIахь кха я дачера дакъа делахь, хьайна хуьчу кепара керла орамат кхиаде. 3. Дакъалаца бIаьстенан бошмашкахь урамаш, керташ, паркаш, скверашцIанъеш, хасбошмашкахь, стоьмийн бошмашкахь, дешаран-зеран кхаш тIехь ораматаш дугIушший, дуьйшший. 4. Дагалаца нехан Iаьнан къинхьегаман тайпанаш. Кхетаде, хIунда кхочушбира и белхаш Iай.

Нехан бІаьстенан къинхьегам

1. Дагалаца, муьлха белхаш кхочушбо наха Іай аренашкахь? Муха хийцабелла бІаьста аренашкахь нехан къинхьегам? ХІунда хилла бІаьста лаьтта хІу ден таро?

2. Дагалаца, муьлха белхаш кхочушбира наха стоьмийн бошмашкахь аьхка а, гурахь а. Муха хийцабелла стоьмийн бошмашкахь бІаьсте тІеярца нехан къинхьегам? ХІунда?

3. Муьлха белхаш кхочушбира наха цІаххьий, дачерчу дакъош тІеххьий аьхка а, гурахь а? БІаьсте тІеярца муха хийцабелла кхузахь нехан къинхьегам? ХІунда?

4. ХІун до бІаьста гІаланийн а, яртийн а урамашкахь? ХІун маьІна ду оцу белхийн?

5. Муьлха белхаш кхочушбо бІаьста паркашкаххьий, скверашкаххьий? ХІунда до иза?

6. Дагадаийта, бІаьстенан къинхьегаман муьлха тайпанаш дозуш ду цІерачу дийнатийн дахарца. ХІунда хийцаделла белхан и тайпанаш?

7. Ахь-айхьа бІаьстенан муьлха болх кхочушбина? Муха дира ахь иза? ХІунда кхочушбан беза и болх бІаьста?

Мекха баккхар **Копастанаш ер**





Ло хIинца а дешна дала́за ду, ткъа парникашка наьр-сийн, помидорийн, копастанийн хIу таса долийна.

Ло дешна ма-делли, аренашка машинаш евр ю, наха самсадоккху латта, тIуналла сацорхьама. ТIаккха лаьтта тосур ду ялтийн, хасстоьмийи ораматийн хIу, юьйр ю картолаш. Дийнахь а, буса а хеза аренашкахь машинийн гIовгIа. Нах сихбелла йоццачу хенахь хIу дIаден. Аренашкара бIаьстенан болх хьебахь, лаьттан чкъор дакъало, тIаккха ялтийн хьаладалар ледара а хуьлу, ткъа цхьадерш-м хьала ца довлуш диса а тарло.

БIаьста стоьмийн бошмашкахь а кхехка болх. Хьуна хIинца хууш ду, дитташ тIеххьий, коьллаш тIеххьий Iа даькккхина сагалматаш бIаьстенан йовхонца гучуйовлий. Царна юккъехь дуккха а зене сагалматаш ю. Цундела дитташа а, коьллаша а гIаш хецалий туху дIаьвше молха. Стоьмийн диттийн гIодмийн лахарчу декъана кир туху. Киро сагалматаш йойу, гIодмаш бIаьстенан юьххьехь нислуш йолчу маьлхан йовхонах лардо. Кир тоьхна гIодмаш пхьагало Iуьйшур дац. БIаьста стоьмийн бошмашка дитташший, коьллашший югIу, керла стоьмийн бошмаш йохку.

ХьаьжкIаш дIаер

МазлагIе хьажар





ГIалийн а, яртийн а урамашкара дитташший, коьллашший кходу, керла ораматаш дугIу. Паркашший, скверашший нехаш дIайохуш цIанйо. Кхузахь югIу аьхка а, гурахь а нахана хазачу зезагашца там бен долу декоративни ораматаш.

БIаьсте чекхйолуш, аьхке йолалуш, арахь йохъеллачу хенахь, парникашкара аренашка дIайоь копастанан, наьрсийн, помидорийн зIийдигаш.

Айхьа хьо талла.

1. Муьлха белхаш бо наха аренашкахь, хасстоьмийн бошмашкахь, гIаланийн а, яртийн а урамашкахь? 2. ХIунда сихло нах бIаьста шен хеннахь ораматаш дIаден а, дIадогIа а?

БIаьста колхозийн, совхозийн аренашкахь дIахьо хIу дер. Иза шен хеннахь дIадерах доьзна ду ораматийн хьекъаррий, вайн махкахь хиндолчу ялтанан а, стоьмийн а бараммий. Хасстоьмашлелорхоша бо хьийкъина стоьмаш хилийтарехьа кечам. Ораматаш дIа а доь, дIа а дугIу кхаш тIе. Наха цхьана кепе балабо урамаш, паркаш, скверaш, дугIу декоративни ораматаш.



ТIедахкарш.

1. БIаьстенан белхашкахь дакъалаца. 2. БIаьста айхьа бинчу тидамийн жамI де. 3. Дагалаца Iаламерчу Iаьнан билгалонаш. 4. Кхетаде, хIунда олу иштта: «БIаьстенан дийно Iа кхобу».

Тема карлаяккхарна хаттаршший. тIедахкаршший

1. Ахь Iаламехь бIаьста хуьлучу хийцамийн жамI дина. Маса дара бIаьста къегиний, кхоьланий денош, хийцалуш мархаш йолушший, догIа а, ло а догIушший денош?





ХIокху бIаьстенан уггаре лахара а, лакхара а хIаваан температура билгалъяккха. Маца хилира иза? Сих-сиха хьоькхурий мох? Хиш тIехь маца йолаелира комал? Маца хилира хиш дестар? Стенах боьзна бу бIаьста хиш тIехь хуьлу хийцамаш? Дерриге а ло дешна маца делира? Мичахь Iиллира къаьсттана дукха ло? ХIунда?

2. БIаьстенан беттанийн хенан хIоттам вовшашца буста. Муьлха бутт бара уггаре а шийла, муьлхарниг — уггаре а бовха? Муьлхачу баттахь сов дара кхоьлина денош, муьлхачу баттахь — маьлхан денош? БIаьста, стигал а къекъаш, догIа деарий? Муьлхачу баттахь а, муьлхачу дийнахь а хилира иза? Учебникан 94-чу агIон тIера карладаккха, муха лела веза, стигал а къекъаш, догIа догIучу хенахь. Кхочушъе и бакъонаш.









3. «Тидамийн дневникан» 6-чу агIон тIерачу денойн дохаллех хьайн хиллачу тергонан йозанашка хьажа. БIаьстенан муьлхачу беттанийн дара уггаре а доца денош? Муьлхачу беттан — уггаре а деха? Муха хийцалора бIаьста денойн дохалла?

4. Муьлха хийцамаш хилла бIаьста ораматашкахь? Маца гучуевлира хьалххе зазадоккху ораматаш? Маца гира хьуна дуьххьара мать-и-мачехан заза? Маца, муьлхачу дитташний, коьллашний тIехь хааделира хьуна кегийра гIаш? Муьлхачу баттахь дIалецира гIашца дерриге а ораматаш? Муьлхачу баттахь дара къаьсттана дукха зазадоккху ораматаш? Стенах бозабелла бу ораматийн дахарехь бIаьстенан хийцамаш?

5. Муха хийцаделира бIаьсте тIеярца акхачу дийнатийн дахар: олхазарийн, акхаройн, сагалматийн? Маца схьаяьхкира човкарчий, алкханчаш, нIаьвланаш? Маца гучудевлира полларчий, мозий, накхармозий? Маца, мичахь дуьххьара гира хьуна зингатий? Стенах бозабелла бу дийнатийн дахарехь хуьлу хийцамаш?

6. Муха хийцаделира бIаьсте тIеярца цIерачу дийнатийн даар? Иза стенах дозуш ду?

7. Къинхьегаман муьлхачу тайпанах пайдаоьцу гIалахь а, юьртахь а? Масалшкахь гайта, мел бозу нехан къинхьегам бIаьстенан хенан хIоттамца а, бIаьста дийна-

тийн а, ораматийн а дахарехь хуьлучу хийцамашца а. Дийца айхьа бIаьстенан белхашкахь дакъалацарх лаций.

8. ХIокху урокана билгалдаьхначу хаттареххий, тIедахкареххий, бIаьстенан Iаламах долчу хьайн хааре-ххий пайда а оьцуш, къастае бIаьстенан коьрта билгалонаш.



БIаьстенан билгалонаш: йохъялар, ло дашар, лайх а, догIанах а тера йочанаш хилар. Ораматаша гIаш хецаррий, зазадаккхаррий. Сагалматийн, гучуйийларрий, олхазарийн схьадахкаррий. ХIу деррий, ораматаш дегIаррий.

ТIедахкарш.

1. КхидIа а дIахьо дийначу а, садоцчу а Iаламехь хуьлуш болчу хийцамийн тидамбар. 2. Гучудевлларш «Тидамийн дневника» тIе дIаязде. 3. «Тидамийн дневникан» 32—43-чуй агIонаш тIера «БIаьсте» темина билгалдаьхна тIедахкарш кхочушде. Карлаяха аьхкенан, гуьйренан, Iаьнан, бIаьстенан билгалонаш.

Iаламера хенан хийцамаш

Дийнначу шарахь хьуна бевзира шерийн хенашца дозаделла садоцчу а, дийначу а Iаламехь хуьлуш болу хийцамаш. Иштта Iаламан тидамбар а дIадехьира ахь.

Хьажа кхин цкъа а учебнике, дIадеша Iаламехь айхьа бинчу тидамийн дIаяздарш, тIаккха жоп ло хIокху хаттаршна:

1. Шеран муьлха хенаш евзира хьуна? Схьалаха учебник тIера аьхкенан, гуьйренан, Iаьнан, бIаьстенан суьрташ. Шеран хенашца дозаделла муха хийцало стигалан бос, мархийн хилар? Шеран муьлхачу хенахь сов хуьлу къегина денош, муьлхачу хенахь кхоьлина денош? Муха хийцало хIаваан температура шеран хенашца дозаделла? Шеран муьлхачу хенахь хуьлу уггаре а йовха? Муьлхачу хенахь — уггаре а шийла? Шеран муьлхачу хенахь сов хуьлу йочанаш? Йочанийн хIун уьйр ю мархашца? Шеран хенаца дозаделла муха хийцало йочанан тайпанаш? ХIун уьйр ю хIаваан температу-

ран а, йочанийн а? Шеран хенаца дозаделла муха хийцало хишший, лаьттан чкъоррий ? ХIунда хийцало уьш иштта?

2. Ораматийн дахарехь шеран хенашца бозабелла муьлхачу хийцамийн тидам бира ахь? Стенах бозабелла бу и хийцамаш?

3. Аккаройн а, цIерачу дийнатийн а дахарехь хуьлуш болу муьлха хийцамаш бевзира хьуна? ХIун уьйр ю оцу хийцамийн Iаламехь хуьлучу кхечу хийцамашца? Дийца царах лаций.

4. Муха хийцало нехан къинхьегам аренашкахь, стоьмийн бошмашкахь, паркехь, хьуьнхахь, фермехь гураххьий, Iай, бIаьстий, аьхкий? Муха бозу нехан къинхьегам Iаламан хийцамашца?

5. Къастае цхьа хан кхечу хенах къасто тарлуш йолу шеран хIора хенан билгалонаш.

6. Iалам муха лардан деза шеран хIора хенахь? Оцу гIуллакха тIехь ахь хIун дакъалецира?

7. Муха ларъян а, чIагIъян а еза шен могушалла шеран тайптайпанчу хенашкахь? ХIунда бан беза шен могушаллин гIайгIа? ХIун уьйр ю садаIаран а, организм чIагIъяран а, кепашна юккъехь гуьйренан, Iаьнан, бIаьстенан, аьхкенан Iаламан хьелашца. Ахь муха чIагIйо хьайн могушалла шеран хIора хенахь?

8. Хьайн тидамийн а, Iаламдовзаран урокашкахь хиъначу хаарийн а буха тIехь дийца садоцчу а, дийначу а Iаламеххьий, шеран хенашца дозаделла нехан къинхьегамеххьий хуьлуш болчу хийцамех лаций.

ТIейогIург аьхке ю

1. Хенан хIоттаман тидам бе: хIаваан температуран, мархаш хиларан, йочанийн. Къаьстана билгалдаха хIара денош: догIанца къора тоьхний, стигал а къекъаш, догIа деаний. Учебникан 94-чу агIон тIера карладаккха, муха лела веза, стигал а къекъаш, догIа догIучу хенахь. Аьхка и бакъо кхочушъян езар диц ма де. Де-буьйсанан муьлхачу хенахь дуьллу тхи? Мичахь а, де-буьйсанан муьлхачу хенахь а тидам бан тарло дахкаран? Муьлхачу баттахь хуьлу сих-сиха дохк?

2. Муьлха хийцамаш хуьлу аьхка ораматийн дахарехь? Муьлхачу баттахь дукха хуьлу зазадоккху ораматаш? Маца хуьлу уьш кIезиг? Маца кхуьу ораматашна тIехь стоьмаш? «Тидамийн дневника» тIе цхьадолчу ораматийн суьрташ дахка. Билгалдаккха, муьлхачу баттахь хуьлу пхьагал-цIазамаш, черникаш, брусникаш я кхиболу цIазамаш. Маца карийра хьуна дуьххьара жIаьлийн нускалш?

3. Муьлха хийцамаш хуьлу дийнатийн дахарехь аьхка? Тидам бе, хIун яайо олхазарша шайн кIорнешна. Тайп-тайпанчу хенан хIоттамехь муха хийцало олхазарийн лелар? Тидам бе сагалматийн. Кест-кеста мичахь ган тарло накхармозий а, полларчий а? Билгалдаккха, аьхка хьуна кхин муьлха сагалматаш ган тарло. Хенан хIоттаман муьлхачу хенахь дукха хила тарло сагалматаш? Карае хьуьнхахь туьйлиг. Ойла тIеяхийта тоьлгаш дукха хьолахь йина хуьлу юьхкана я диттана уллохь. Тидам бе зингатийн къинхьегаман. Зингаташ пайде дийнаташ ду, цундела айхьа тидамаш беш новкъарлонаш ма е царна, ма йохае церан тоьлгаш.

4. Леррина тидам бе айхьа шайн классерчу берашца йоьгIначу ораматийн. Iалашъе уьш: хи дилла, асарш дIадаха. Iалашдаран кхечу тайпанех баккхийчарах дагавала. Баккхийчу дешархоша шайн лаьттан дакъошкахь бечу белхийн тидам бе. Цара хIун до? Муха кхочушбо болх? Хьайга далахь, гIо де царна ораматаш Iалашдеш.

5. Аьхкенан муьлха белхаш кхочушбира наха аренашкахь, стоьмийн бошмашкахь, паркашкахь, ирзушкахь? Маца дIадолийра йол хьакхар? Маца дIадолийра дуьххьара Iежаш гулдар? Аьхкенан къинхьегаман муьлхачу тайпанан болх кхочушбо гIалахь наха?

6. Хьайн тидамаш билгалбаха «Тидамийн дневника» тIехь. Оцу дIаяздарша хьуна гIо дийр ду, тIедогIучу дешаран шарахь Iаламдовзаран урокашкахь стенах лаьцна дуьйцур ду хьуна хаийта. Цундела Iалашъе «Тидамийн дневник».

7. Аьхка организм чIагIъян яккхийра таронаш ю. Кест-кеста хила веза цIена хIаваъ долчохь, лийча веза, малхе цхьанаэшшара вагавайта веза. Лийчар а, малхе вагавайтар а пайде хилийтархьама, кхочушъян еза билггала йолу бакъонаш.

Лийча веза баккхийнаш болчохь, дика евзачу я леррина билгалъяьккхинчу меттехь. Хинан а, хIаваан а температура +20° лахара хила мегар дац. Лийчаран йохалла хуьлу 3 минотана тIера 10 миноте кхаччалц. Дагахь латтаде: лийча билгалдаьккхинчу дозанал тIех валар кхераме ду, неканца хинкеманашна а, кеманашна а тIеваха мегар дац, иштта мегар дац цхьана хIуманна тIера а, ца евзачу меттигашкара а хи чу лелха, автомашинийн камершца а, юьйсинчу гоьнашца а, кхечу хIуманашца а нека дан.

8. Аьхка олхазаршна яахIума гулъе. ДIаелла «Тидамийн дневникан» 17-гIа агIо. ДIа а еший, дагахь латтаде, муьлха юург гулъян еза. Гулйинарг, якъа а яй, Iа тIекхаччалц Iалашъе.

Чулацам.

Дiаколор . . . 3
Термометр . . . 5
Ораматийн дакъош . 9
Гуьйренан экскурси . 13
Гуьйре тIекхаьчна . . 16
Ораматаш аьхка а, гурахь а . . . 19
Сагалматашший, олхазаршший аьхка а, гурахь а . . . 24
Акхарой аьхка а, гурахь а . . . 29
ЦIера дийнаташ аьхка а, гурахь а . . . 33
Адамийн къинхьегам аьхка а, гурахь а . 37
ТIехтилла гуьйре. Могушалла ларъяр а, чIагIъяр . . . 41
Тема карлаяккхарна хаттаршший, тIедахкаршший . . . 45
ТIедогIу Iа . . . 48
Ло а, ша а . . . 51
Iаьнан экскурси . . 53
ГIа долу а, баганан а ораматаш Iай . . 55
Чохь латто ораматаш . 59
Олхазарш Iай . . 62
Iа муха доккху тайптайпанчу дийнаташа 66
ЦIера дийнаташ Iай . 70
Нехан Iаьнан къинхьегам 73
Могушалла Iалашъяр а, чIагIъяр а . . 76
Тема карлаяккхарна хаттаршший, тIедахкаршший 78
Марша я хьо бIаьсте! . 81
БIаьстенан экскурси . 85
Ораматаш бIаьста . . 86
Сагалматашший, олхазаршший бIаьста . 90
Хьан муха тIеоьцу бIаьсте 94
ЦIера дийнаташ бIаьста 97
ХIух ораматаш кхиар 100
Муха деба ораматаш . 102
Нехан бIаьстенан къинхьегам . . . 105
Тема карлаяккхарна хаттаршший, тIедахкаршший 107
Iаламера хенан хийцамаш 110
ТIейогIург аьхке ю . 111


диттийн а, коьллийн а
гаьннаш кегдан
сагалма
накхарм
Хьуьнхахь,
тІехь волчу
дац
нехаш яржо
цІераш лето
бецан ораматаш даха а, царах кур


таш леца а, дайа а, туьйсаташ,
орийн, бумберийн, зуьлийн бенаш дагас
йаркехь, бай
хенахь мегар
олхазарш къехко а, дайа а
къаьсттана олхазарша тевна доккхучу
хенахь я цара кIорнешна хIума яочу
хенахь гIовгIа ян а, мохь хьехха а
бенашна герга ваха а,
хIоашший,
кIорнешший кара эца а
дийнаташший, церан кIорнешший
леца а, уьш цIа ян а
саш ян а

1 с. 60 к.

ПРИРОДОВЕДЕНИЕ

Учебник для 3 кл. четырехлетней нач. школы

(на чеченском языке)